

ENTWODIKSYON

An 1959, gwo komite ki rele General Eldership la, sètadi Konsèy Jeneral Ansyen yo, te apwouve yon deklarasyon sou ansèyman ak pratik Legliz De Dye a. Deklarasyon sa a te chita sou Labib e li te gen anpil kwayans nou yo ladan-n. Li pat yon kredo. Bib la se sèl vrè gid pou di ki sa kretyen dwe kwe ak sa-l dwe pratike. Bib la se Pawòl Bondye e li se yon revelasyon Bondye bay lòm.

An 1844 John Winebrenner (Djonn Waynbrennè) te montre li empotan pou nou gen youn deklarasyon kwayans nou. Li te prepare yon dokiman ki te venn sèt (27) pwen kòm “prensip kle” Legliz la. Pwen sa yo konstitye yon “rezime ki byen kout ki montre pozisyon Legliz la sou bagay enpòtan sa yo tankou lafwa, eksperyans ak sa legliz la dwe pratike”. Pi devan toujou, an 1863, Christian H. Forney, nan yon ti liv li te ekri pou enstriksyon nan benediksyon lafwa kretyen an, te montre enpòtan pou genyen yon ti liv pou debitan yo, predikatè yo, monitè Lekòl didimanch yo ak pou tout moun ki renmen doktrin Legliz la.

An 1925, nan yo efò pou satisfè yo seri de demand, Konsèy Jeneral Ansyen yo (General Eldership la), ki se komite an chèf la, te adopte yon deklarasyon doktrinal ki genyen katòz (14) pwen ladan-n e ki esansyèlman menm jan ak sak te soti an 1844 la sou pwendevi doktrin nan. E ankò an 1959, pou reponn a yon seri de kesyon ki tap souleve nan mitan kretyen yo, Legliz la te adopte deklarasyon sa a ki rele Ansèyman ak Pratik Legliz De Dye yo.

Konferans Jeneral la, konfyan nan direksyon Sentespri a bay nan zafè entèpretasyon ak aplikasyon Bib la, te fè soti, nan yon tèt ansanm avèk tout lòt Legliz yo atravè Misyon an, yon deklarasyon sou kwayans nou yo. Nou rele-l: Nou Kwè; Yon deklarasyon doktrinal Legliz De Dye, Konferans Jeneral la. Se anpil moun ki te mete tèt yo ansanm pou yo te reyalize-l. Te gen kat (4) reinyon Ansyen yo pou prepare li. Ti liv sa a te ekri, bibliye, evalye ak re-ekri pa plizyè etidyan fidèl a Pawòl la ki te soti tribòbabò nan tout sektè ki nan Legliz de Dye nou yo.

Ti liv Nou Kwè a te ekri suivan machaswiv sa yo:

- _ pou-l yon deklarasyon ki baze sou lafwa e non pa sou sa nou pratike
- _ pou-l prezante yon ekspresyon pozitif de lafwa nou
- _ pou-l byen kout
- _ pou-l sèvi kòm yon dokiman pou predikatè yo ak nenpòt lòt moun; epitou pou-l pa gen on bann gwo mo ak prèch tewolojik ladan-n
- _ pou-l sèvi ak egzanp epi ak sous ki soti nan Bib la.

Komite Edikasyon, Konferans Jeneral la voye yon gwo kout chapo bay: tout reprezantan konferans lokal yo, Inivèsite Findlay, Seminè Tewolojik Winebrenner, Administratè a ak tout Asosye yo nan zafè Ministè a, tout ekriyen ki te patisipe ladan-n e ki te ekri swa yon pòsyon ou swa bouyon liv sa a, sila yo ki te kontribye talan yo nan zafè edite liv sa a ak tout moun ki te bay bon jan lide pou yo te kapab ekri dokiman sa a. Fason yo te kite Sentespri a dirije yo ak lanmou yo pou Legliz Bondye a paret byen kè nan liv sa. Espesyalman, nap di moun sa yo mèsè:

Walter D. Allen
Paul E. Anderson
Elmer A. Armstrong
Katherine Baker
R. Neal Barnett
Dean L. Baublitz
Glenn E. Beatty
Duane L. Beck
Harold C. Beck
John R. Beckler
Robert M. Bistline
Virgil G. Blosser
James H. Booser
Kenneth E. Boldosser
Paul Chisholm
Joel W. Cocklin
Paul C. Cordell
Dean Cox
Owen Custer
Frank L. Demmy
Richard L. Dosh
Robert W. Douglas
Thomas Douglas
David E. Draper
Linda M. Draper
Ralph L. Draper
George M. Showers
Lawrence Showers
Ruth I. Showers
Earl M. Sleasman
Charles F. Smith
Keith Snyder
Larry Stutzman
Melvin H. Summy
Edward Taylor

A. Gail Dunn
Stephen L. Dunn
Arthur E. Eakin
Robert Ewald
Everett L. Falk
Donald D. Flaherty
Daniel A. Fortney
W. D. Garrison
E. Fidelia Gilbert
Doyle C. Ginn
J. Harvey Gossard
E. David Green
James S. Grove
Wayne L. Heffner
Charles E. Hilliard
R. David Hogue
Herbert L. Hogue
G. Gordon Jenkins
Michael E. Johnson
Royal P. Kear
Sterling C. Keeney
G. Richard Kern
Robert D. King
David M. Lakins
Fred J. Landolt
George E. Leonard
Lester P. Thornton
Sidney C. Tiffin
Ned J. Tobias
Frank True
Ted VanderEnde
Richard R. VanHorn
Ralph V. Vunderink
Reaburn G. Wallen
Paul D. Walters

Kent Maxwell
William J. McBride
Lynn D. McCallum
Collett Q. McMillion
L. Joe Miller
William G. Milligan
Robert D. King
James L. Monticue
Nellie Moran
Michael D. Murrell
Herbert F. Myers
Jon R. Neely
Kenneth E. Nitchman
Douglas E. Nolt
John A. Parthemore, Jr.

James Pelowski
C. Darrell Prichard
Frederick C. Quade
Keith L. Radestorf
William H. Reist
George Reser, Jr.
James L. Resseguie
Marsha Rockey
A. Wayne Rogers
Oscar C. Schultz, Jr.
Edward T. Watson
George E. Weaver
Neville H. West
Larry G. White
Richard E. Wilkin
Lawrence E. Winick
Ivan H. Wood
Walter B. Zimmerman

BONDYE

Nou kwè nan Bondye.

Bondye etènèl. Bondye se kòmansman tout bagay ki egziste. Jenèz 1:1 di konsa: “Nan konmansman, Bondye . . .”

“Bondye, se Lespri li ye. Tout moun kap sèvi-l, se pou yo sèvi-l nan lespri yo jan sa dwe fèt la” (Jan 4:24). Bondye pa gen yon kò tankou moun. Li pa gen nonpli menm karakteristik ak lòm. Labib anploye mo ki signifye pati ki nan kò lòm tankou: men, zòrèy ak je Bondye pou ede-n konprann Bondye pi byen. Bib la pa dekri Bondye kompletman.

Nou Kwè Bondye egziste an twa pèsòn.

Bondye se Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Nou panse souvan de Papa a kòm Kreyatè a; Jezi, Pitit la, kòm Redanmtè; epi Sentespri a kòm Konsolatè (Jan 14:26) ou Konseye. Vrèman, tout travay sa yo se travay yon sèl Bondye a paske yo toulètwa se yon sèl la. Se sa nou rele doktrin Trinite a.

Gen plizyè kote nan Nouvo Testaman an kote li di byen klè Jezi ak Papa a se yon sèl la (Tit 2:13; 2 Tesalonik 1:12). Le Toma, konfwonte pa Jezi, aprè rezireksyon an, li te di konsa: “Senyè mwen, Bondye mwen!” (Jan 20:28). Sentespri a se Lespri Bondye (Jenèz 1:2) ak Lespri Kris la (Ròm 8:9; Filip 1:19) ki prezan nan nou. Nan Travay 5:3 e 4, Pyè te itilize mo Sentespri a ak mo Bondye egal ego lè-l te di Ananyas konsa: “. . . ki jan ou fè kite Satan antre nan kè ou pou-l fè ou bay Sentespri manti? . . . Se pa moun ou bay manti non. Se Bondye ou tronpe”.

Gen yon sèl Bondye. Nan 1 Korènt 8:4b-6, Pòl fè-n sonje: “Se yon sèl Bondye a ki genyen. Nou te mèt tande gen lòt swadizan bondye nan syèl la ak sou latè a (sa pa manke: gen anpil bagay ki pase pou bondye, gen anpil yo rele mèt vre), pou nou menm, se yon sèl Bondye a ki genyen: se Papa a ki kreye tout bagay epi se pou li nap viv. Pou nou menm, se yon sèl Mèt (Senyè) ki genyen: se Jezikri, se nan li tout bagay soti, se li kap fè nou viv tou”. Bondye se yon sèl la (Detewonòm 6:4). Papa a se Bondye. Jezi se Bondye. Sentespri a se Bondye (Efèz 4:3-6).

Nou kwè Bondye alafwa koni e enkonni.

Bondye se yon Bondye ki kache e li konn devwale tèt li tou; li lwen, sètadi li transandan; epi li pre, sètadi li imanan. Bondye se Kreyatè ak Sipòtè tout bagay ki egziste. Bondye pi gran pase tout sa lespri nou ka imajine. Nou dwe onore, respekte ak lwe Bondye. Bondye se lanmou (1 Jan 1:1-3). Kòm Papa ki nan syèl la, Bondye gen sousi pou chak moun. Prensip sa rele Teyism nan. Prensip sa pa mem ak konsèp Deyism nan ki di konsa

Bondye transandan men li pa imanan, sètadi Bondye lwen men li pa pre.

Nou kwè Bondye: Papa a, Pitit la ak Sentespri a omnisyan, omnipotan ak omniprezan.

Bondye omnisyan, sètadi li konnen tout bagay. Konesans Bondye pa gen limit. Bondye se sous tout verite. Nan Sòm 147:5 nou wè: “Senyè nou an gen pouvwa. Li gen anpil fòs. Konesans li pa gen limit” (gade tou Ezayi 40:26 ak Ebre 4:13).

Bondye omnipotan, sètadi li gen tout pouvwa. “Avèk Bondye tout bagay posib” (Matye 19:26; ak Sòm 107; Ezayi 26:4; Revelasyon 19:6).

Bondye omniprezan, sètadi li prezan toupatou. Prezans Bondye pa gen bout, sètadi li toujou tout kote. Salmis la deklare sa nan Sòm 139:7-12 lè-l di: “Ki bò mwen ta ale pou m pa jwenn ak ou? Ki bò mwen ta ale pou ou pa wè-m devan je ou? Si-m moute nan syèl la, se la ou ye. Si-m desann kote mò yo ye a, ou la tou.

Si-m vole ale bò kote solèy leve, osinon si-m al rete bò lòt bò lanmè, la ankò, wap toujou la pou mennen-m, wap la pou pwoteje-m. Si mwen di: -Bon! M-pral kache nan fènwa a. M-pral rete kote tout limyè mouri. Fènwa pa fènwa pou ou. Lannwit klere kou lajounen pou ou. Kit li fènwa, kit li lajounen, se menm bagay pou ou”.

Nou kwè nan sentete Bondye.

Sentete vle di separe de tout bagay ki pa bon ak kont tout mechanste. Nan Levitik 11:44, Bondye di konsa: “Se mwen menm Senyè a ki Bondye nou. Se pou nou kenbe kò nou yon jan pou nou viv apa pou mwen, paske mwen menm se yon Bondye apa mwen ye”. Anplis, sentete vle di konsekrasyon a sak pi e a sak ki komplet net. 1 Pyè 1:15 e 16 di: “Men, pwiske sila a ki rele nou an sen, se pou nou sen nan tout sa nap fè; paske sa te ekri: Se pou nou sen, paske mwen menm, mwen sen” (gade tou Jak 1:13).

Se sentete Bondye ki te pouse Bondye pou-l delivre-n anba kondanasyon ak pouvwa peche a. Nan travay delivrans sa a, sentete Bondye, sètadi separasyon ak opozisyon a tout mechanste, eksprime nan lanmou-l. Nou vin komplet net pa mwayen gwo sakrifis Jezikri a ki te peye dèt peche nou yo. Bondye sen, se konsa tou li pran plezi nan tout sa ki sen ou byen komplet net.

Nou kwè travay Bondye se prensipalman kreyasyon, gras, jistis ak mizèrikòd.

Kreyasyon se travay Bondye. Jenèz 1:1 di konsa: “Nan konmansman, Bondye kreye syèl la ak tè a . . .”. Tout manm Trinite a te aktif nan travay kreyasyon an. Jan 1:1 e 3 di: “Anvan Bondye te kreye anyen, Pawòl la (Jezikri) te la. Pawòl la te avèk Bondye. Sa Bondye te ye, se sa Pawòl la te ye tou. Se ak Pawòl la Bondye fè tout bagay. Nan tou sa ki te fèt, pat gen anyen ki te fèt san Pawòl la” (gade tou Ebre 1:2 ak Kolòs 1:16). Sentespri a te ladan-n tou. Selon Jenèz 1:2: “Men latè pat gen fòm, li pat gen anyen sou li. Fènwa te kouvri toupatou. Lespri Bondye tap plannen sou dlo ki te kouvri tout latè”.

Se Bondye ki te kreye tout bagay. Bondye se sous lavi e se li kap soutni tout sak gen lavi ladan yo. Travay orijinal kreyasyon an fini nèt, men atravè listwa nou wè Bondye kontinye ap ajoute nan travay kreyasyon an. Sa gen ladan-n tou re-kreyasyon lèzòm apre yo te fin tombe nan peche. 2 Korent 5:17 di: “. . . Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèt ki pran plas yo kounye a”. Pakonsekan, sali a antre nan travay kreyasyon Bondye a tou.

Gras se travay Bondye. Gras siyifi yon favè nou pa merite ke Bondye ban nou tou senpleman akòz jenewozite-l ak bòn volonte-l anvè nou. Gras la reflekte mizèrikòd Bondye ofri a tout moun ki va asepte mizèrikòd sa a. Repons chak moun enfliyanse jan gras la bay men se Bondye sèl ki bay li jan li vle.

Jistis se travay Bondye. Jistis regle tout bagay dwat dwat epi li mete yo annamoni ak volonte Bondye. Li gen ladan-n tou bon jan jijman ak fè respekte vèdik jijman an. Selon Sòm 103:6: “Senyè a pa nan patipri. Li rann jistis an favè tout moun kap sibi lenjistis”.

Mizèrikòd se travay Bondye. Mizèrikòd se bay jistis la satisfaksyon pa mwayen padon lè pechè yo rekonèt peche yo, lè yo regrèt sa yo te fè a epi ak lè yo detoune yo de peche sa yo. Jak 2:13 di konsa: “Mizèrikòd la va triyonfe sou jijman an”.

Nou kwè Bondye vle pou-n konnen li epi li revele tèt li ban nou nan divès fason.

Bondye revele tèt li pa mwayen kreyasyon an. Bondye pi wo pase kreyasyon an; men jan kreyasyon an fèt nan lòd ak grandè a, li fè-n wè grandè Bondye byen klè.

Bondye revele tèt li pa mwayen listwa, espesyalman nan listwa peyi Izrayèl. Tout lwa li te bay yo, apèl li te fè ak lidè yo epi ak pwofèt yo, delivrans Izrayèl anba yon bann kaptivite, yo tout kontinye montre prezans Bondye nan listwa lèzòm ak entansyon-l pou-l gen bon jan rapò ak moun.

Bondye revele tèt li pi klè toujou pa mwayen Jezikri. Dapre Ebre 1:1-3: “Nan tan lontan, Bondye te mete pawòl nan bouch pwofèt yo nan divès okazyon ak divès jan pou-l te ka pale ak zansèt nou yo. Men, nan dènye jou sa yo, se Pitit li a menm Bondye te voye pale ak nou nan non li. Se ak Pitit sa a Bondye te kreye tout bagay. Se li menm tou Bondye chwazi pou eritye tout bagay lè sa va fini nèt. Pitit sa a reflekte limyè bèl pouvwa Bondye a, se bon pòtre Bondye li ye. Se li menm kap soutni tout bagay ak pouvwa pawòl li. Lè li fin delivre moun anba peche yo, li moute chita anwo nan syèl la, sou bò dwat Bondye, Gran Wa a.” Nan Jan 14:9 Jezi te di Filip konsa: “Moun ki wè-m, li wè Papa a”. Jezi te vini pou-l te ka fè-n konnen Bondye pi byen. Pou-n konnen Bondye fòk nou konnen Jezikri, sètadi lavi li, ensèyman li yo, travay li, lanmò-l ak rezireksyon-l. Se nan Jezi nou rive konnen Bondye se yon Papa ki jis men ki plen ak konpasyon.

Bondye revele tèt li pa mwayen Sentespri a. Se Sentespri a ki verifye jan Bondye manifeste-l pa mwayen Jezi (Jan 16:13-15).

Bondye revele tèt li pa mwayen Legliz la. Legliz la dwe reflechi sou fason Bondye revele tèt li. Legliz la demontre karaktè Bondye pi klè lè manm li yo ap mennen yon vi ki sen epi ak lè yo gen renmen nan kè yo.

Bondye revele tèt li nan Labib. Nan 2 Timote 3:15 e 16, Pòl ekri Timote konsa: “. . . Depi ou te tou piti ou konnen sa ki nan Liv Bondye a. Se liv sa a kap ba ou bon konprann, bon konprann ki fè moun rive delivre, gremesi konfyans yo gen nan Jezikri. Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Yap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun kap fè fòt, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye”.

JEZIKRI

Nou kwè nan preekzistans Kris la.

Kris te egziste byen avan lemond te kòmanse. Levanjil selon Jan kòmanse konsa: “Anvan Bondye te kreye anyen, Pawòl la (Jezikri) te la. Pawòl la te avèk Bondye. Sa Bondye te ye, se sa Pawòl la te ye tou. Pawòl la te la avèk Bondye depi nan konmansman” (Jan 1:1, 2). Pòl pale de Jezikri kòm “pòtre Bondye, Bondye nou pa ka wè a. Se li menm ki premye Pitit li. Li te la anvan tou sa Bondye te kreye. Se ak li Bondye te kreye tou sa ki nan syèl la ak sou latè, sa nou wè ak sa nou pa wè. Se ak li li kreye tout lespri yo ki chita ap donminen, ki gen otorite, ki chèf epi ki gen pouvwa. Se ak Kris la Bondye te kreye yo tout, epi se pou li li te kreye yo” (Kolòs 1:15, 16).

Bondye se Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Depi byen anvan kòmansman an, pandan tan kounye a ak menm apre lafen dimond, Bondye ap toujou rete Kreyatè, Redanmtè, Sipòtè, sila a ki bay pouvwa a ak sila a kap bay limyè. Lè nou pale de preegzistans Kris la, sa montre ke travay redanmsyon Bondye a te toujou an aksyon tankou yon sous kap koule lanmou ki soti dirèk dirèk nan kè Bondye.

Nou kwè nan enkanasyon an.

Literalman, enkanasyon vle di tounen chè (moun). Nou jwenn pawòl sa yo nan Jan 1:14: “Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou, li menmen yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwa li, se te pouvwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit li a.” Yon prensip santral Krisyanizim nan sèke Bondye tounen moun nan Jezikri. Sa te anonse pa pwofet Ezaï: “Men li, jenn fi a pral ansent, li pral fè yon pitit gason. Ya rele-l Emannwèl” (Matye 1:23). Mo advan sigifye Kris te vini nan mond la apre-l te fin fèt pa pouvwa Sentespri a, (Matye 1:20). Se yon vyèj ki te ba li nesans (Matye 1:23). Li te vini kòm Pitit Bondye, Bondye avèk nou.

Nou kwè Kris la gen nati imen ak nati divin.

Jezi te vrèman imen. Sou pwèn fizik, li te fòm nan vant yon jen fi vivan ki te vin ansent pa pouvwa Sentespri a. Premye fwa nou wè Jezi nan Nouvo Testaman se lè-l te fèk fèt epi li te kouche nan krèch la kon yon ti bebe. Lik fè-n konnen li te grandi tankou nenpòt lòt timoun nan epòk pa-l la (Lik 2:40). Jezi te viv nan yon vrè obeyisans a ansyen kontra a epi li te akonpli tout egzijans kontra sa a te mande (Matye 5:17). Konsa li rive poze fondasyon nouvo kontra a.

Kom Jezi te viv nou wè nati imen li: li te konn fatigue (Jan 4:6); li te konn dòmi (Matye 4:2); li te konn grangou (Matye 21:18); li te konn swaf (Jan 19:28); li te konn tris epi li te kriye (Jan 11:35); li te konn gen lapenn epi li te konn fache (Mak 3:5). Li te mouri tou. Tout Levangil yo pale sou lanmò li an detay. Jezi te reyèlman yon moun tankou tout moun.

Se Bondye Jezi reyèlman ye. Pòl te ekri sou Jezi konsa: “Sa Bondye ye a, se sa-l te toujou ye. Men, li pat janm konsidere sa tankou yon avantaj pou-l te chache kenbe ak tout fòs. Okontrè, se li menm pou tèt pa-l ki chwazi mete sa sou kote. Li te pito tounen yon domestik. Li pran fòm yon moun, li vin tankou tout moun. Li rabese tèt li. Tankou yon moun, li soumèt li devan Bondye. Li obeyi Bondye jouk li rive asepte mouri, wi jouk li asepte mouri sou kwa a. Se poutèt sa, Bondye leve-l mete chita kote ki pi wo a. Li ba li yon non ki pi gran pase tout lòt non” (Filip 2:6-9).

Apòt Jan ekri deklarasyon Jezi te bay pou-l montre divinite-l lè-l te di konsa: “Mwen menm ak Papa-m, nou fè yon sèl” (Jan 10:30) epi “Moun ki wè-m, li wè moun ki voye-m lan tou” (Jan 12:45).

Nou kwè tout karakteristik divin Jezi yo se vrè karakteristik Bondye yo ye.

Menm lè Jezi te anba limitasyon kò imen an, sa pat anpeche divinite Jezi a te prezan e byen klè. Men sa Travay 2:22 di sou sa: “Nou menm moun laras Izrayèl, koute sa-m pral di nou la a: Jezi, moun Nazarèt la, se Bondye menm ki te voye-l paske nou te wè tout mirak, tout bèl bagay ak tout siy Bondye te ba-l pouvwa fè nan mitan nou. Sa se bagay nou tout konnen.” Pòl, nan Kolòs 2:9 e 10, ekri-l konsa: “Se nan lavi Kris la tap mennen nan kò li a nou jwenn tou sa Bondye ye. Nou menm tou, Bondye la nan tout lavi nou, paske nap viv nan Kris la ki chèf tout lespri ki gen otorite ak pouvwa”.

Karakteristik sa yo pi klè toujou kòm nou wè omnisyans ak omnipotans Papa a nan Jezi. Omnisyans (tout konesans) sa a te byen klè pandan tout ministè Jezi sou latè. Pyè te rive di Jezi konsa: “Senyè, ou konn tout bagay”(Jan 21:17). Omnipotans (tout pouvwa) Jezi a te manifeste lè-l te kalme gwo tanpèt la, nan gerizon tout kalite maladi, lè-l te chase demon yo ak lè-l te leve moun ki te mouri yo. Nan pwòp temwayaj li te bay disip li yo, li te di yo: “Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a” (Matye 28:18).

Nou kwè Jezi se Sovè e Senyè.

Jezi se Sovè. Jan 3:16 e 17 di: “Paske, Bondye sitelman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li pap pèdi lavi yo. Okontrè ya gen lavi ki pap janm fini an. Bondye pa voye Pitit li a sou latè pou kondanèn lèzòm, men pou pou-l te kapab delivre yo.” Sa se pwèn santral plan Bondye genyen an pou redanmsyon limanite. Jezi se “ti Mouton ki te deziye pou mouri depi mond la te fonde” (Revelasyon 13:8). Lè Jan Batis te wè Jezi li te deklare: “Men ti mouton Bondye a kap wete peche moun sou tout latè” (Jan 1:29). Jezikri se Sovè nou pa mwayen obeyisans li a Bondye ak lanmò li sou lakwa a (Ebre 12:2).

Jezi se Senyè. Filip 2:10 e 11 di: “Konsa, tou sa ki nan syèl la, tou sa ki sou tè a ak anba tè a, yo tout va mete jenou yo atè devan Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a. Tout moun va rekonèt Jezikri se Senyè a. Sa va sèvi yon lwanj pou Bondye Papa a.” Nou rekonèt Jezi kòm Senyè nou lè nou aksepte-l kòm Sovè-n epi kite-l dirije lavi nou.

Nou kwè nan rezireksyon ak asansyon Jezi a.

Rezireksyon Jezi a se yon fè istorik e anpil moun te temwen sa (1 Korent 15:1-8; Travay 2:32; Lik 24). Rezireksyon li a se baz esperans lavi etènèl la. Sa pwouve ke zafè lavi ak lanmò se anba kontròl Bondye yo ye.

1 Korent 15:17, 20-22 fè-n konnen: “Si Kris la pa te leve soti vivan nan lanmò, sa nou te kwè a pa ta vo anyen, paske nou ta toujou ap viv nan peche nou yo . . . Men, se pa konsa bagay la ye. Okontrè, Kris la te leve soti vivan nan lanmò. Konsa li bay garanti tout moun ki mouri gen pou leve vivan ankò. Paske menm jan se yon sèl moun ki fè lanmò antre sou latè, menm jan an tou se yon sèl moun ki fè moun ki mouri yo kapab leve vivan ankò. Menm jan tout moun gen pou mouri paske yo fè youn ak Adan, konsa tou, tout moun ki fè youn ak Kris la ap gen lavi ankò” (gade tou Ròm 14:8, 9).

Jezi te monte nan syèl la (Travay 1:9). Selon 1 Pyè 3:22, Jezi “ ki moute nan syèl la, ki chita sou bò dwat Bondye kote lap dominan sou tout zanj yo, sou tout chèf yo ak sou tout otorite yo.” La nan syèl la, Jezi ap plede kòz nou kòm avoka nou devan Papa a. Li voye Sentespri a pou-l vin rekonfòte nou, pou-l ban nou pwisans ak pou li gide lavi nou jiskaske-l retounen ankò (Travay 2:32, 33; ak Ròm 1:4, 5).

Nou kwè Jezikri ap retounen ankò.

Menm Jezi sa a ki te vini sou latè nan lachè a ap retounen ankò pou-l resevwa nou pou-n kapab avèk li pou tout letènite (Travay 1:10, 11; 1 Tesalonik 4:16-18).

SENTESPRI A

Nou kwè Sentespri a se Bondye.

Kòm yon manm nan Trinite a, Sentespri a etènèl, li egal, li pwisan epi li aktif menm jan ak Papa a e ak Pitit la (Jenèz 1:2; Travay 5:3, 4). Jezi te di konsa: “Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a”(Matye 28:19).

Sentespri a se yon pèsòn ki anseye (Jan 14:26), li voye moun an misyon espesyal (Travay 13:2-4), li dirije (Travay 16:6,7), li entèsede (Róm 8:26, 27) ak li gen resantiman tou (Ezayi 63:10; Efèz 4:30).

Nou kwè Sentespri a te trè aktif nan ansyen alyans la.

Lespri Bondye a te aktif nan peryòd kreyasyon an, li tap plane sou dlo ki te kouvri tout latè (Jenèz 1:2) e li te kreye lòm (Jòb 33:4). Apre lòm te fin tonbe nan peche, menm lespri Bondye a te bay Bezaleyèl bon jan konsepsyon pou-l te ka bati tabènak la (Egzòd 31:3) ak li te ekipe kèk moun espesyal pou yo te vin pwofèt (Ezekyèl 37:1), jij (Jij 3:10) oubyen wa (2 Samyèl 23:2). Selon Ezayi 44:3, Bondye te fè pèp Izrayèl la pwomès sa a: “Map bay pitit nou yo pouvwa lespri mwen”.

Sentespri a te jwe yon gwo wòl nan fomasyon Jezi nan vant maman li (Lik 1:35). Lespri a te desann sou Jezi an fòm yon ti pijon lè-l tap batize a (Lik 3:22) epi li te kondwi-l nan dezè a kote Satan t-al tante-l (Lik 4:1). Anba pwisans menm Lespri sa a (Lik 4:14), Sovè a te kòmanse ak fini travay rekonsilyasyon li a. Li te chase demon pa mwayen Lespri Bondye a (Matye 12:28) epi li te pwomèt pou-l te voye Konseye a ki se Lespri verite a (Jan 15:26).

Nou kwè Sentespri a te vini nan mond la sou yon lòt fòm nan jou lapannkot la.

Legliz la te pran nesans nan jou lapannkot la (Travay 2:1). Sa te komanse yon peryòd tounèf pou Sentespri a, Nouvo alyans la te komanse kote yon moun, pa mwayen Sentespri a, vin fè pati fanmi Bondye a ki se kò Kris la, Legliz la. Travay 2:2 e 3 fè nou konnen Sentespri a te desann tankou “yon gwo van kap souffle” ak tankou “yon bann lang ki sanble ak ti flanm dife ki separe youn ak lòt”. Konsa, Sentespri a te kòmanse fè yon nouvo travay de sanktifikasyon. Pyè te entèprete evennman sa a kòm akonplisman pwofesi pwofèt Joèl la (Joèl 2:28-32) e kòm pwomès Mèt li a te fè (Travay 2:33).

Nou kwè yon moun kapab konnen ak resanti Sentespri a.

Nan mesaj li nan jou lapannkot la, Pyè te di konsa: “Tounen vin jwenn Bondye, epi youn apre lòt vin resevwa batèm nan non Jezikri, pou Bondye padonnen tout peche nou yo. Apre sa, na resevwa Sentespri, kado Bondye a. Paske pwomès la, Bondye fè-l pou nou, pou pitit nou yo, pou tout moun ki byen lwen, pou tout moun Bondye, Mèt nou, va rele vin jwenn li” Travay 2:38, 39).

Lè yon moun resevwa Kris, Papa a ak Pitit la voye Sentespri a pou ba li nouvèl nesans spirityèl la (Jan 3:3-6); pou ba li lavaj rejenerasyon an (Tit 3:5, 6); pou Sentespri a demere nan li (Travay 2:38, 39); pou fè-l ka antre nan wayòm Bondye a (Jan 3:3); ak pou batize-l nan kò Kris la (1 Korènt 12:13). Se sa Jan Batis te vle di lè-l te di ke Jezi “gen pou-l batize moun ak Sentespri a” (Jan 1:33; ak Jan 1:29-34).

Chak Kreyen resevwa batèm Sentespri a. 1 Korènt 12:13 di: “Se sa-k fè, nou menm kit nou jwif, kit nou pa jwif, kit nou esklav, kit nou pa esklav, nou tout nou te resevwa

batèm pou-n te ka fè yon sèl kò ansanm, pa pouvwa yon sèl Lespri a. Nou tout nou te bwè nan you sèl Lespri a”.

Pou yon moun kapab rive aksepte gen relasyon sa a avèk Bondye pa mwayen Kris la, se Sentespri a ki konvenk yo de peche yo (Jan 16:9), de jistis Kris la (Jan 16:10) ak jijman mechan yo (Jan 16:11).

Nou kwè Sentespri a bay moun kap swiv Kris yo “linite Lespri a”.

“Linite Lespri a” se yon kominyon espesyal ki egziste nan mitan moun ki te resevwa Jezikri kòm Sovè yo ak Senyè yo (Efèz 4:3). Nan relasyon sa a lanmou Bondye a koule nan kè kwayan yo pou-l fè yo fè yon sèl kò a kap travay nan lanmou kòm fanmi Bondye a, ki se Legliz la (Efèz 4:15, 16; 1 Jan 4:13-21).

Nou kwè Sentespri a fè kwayan yo grand spirityèlman.

Sentespri ap travay nan lavi chak manm fanmi Bondye a. Li gide yo. Li ba yo enstriksyon ak pwisans pou yo ka mennen yon vi kretyen tout bon. Jezi te di: “. . . Moun ki pou vin ankouraje nou an, se Sentespri. Se Papa-m kap voye-l nan non mwen. Sentespri sa a va moutre nou tout bagay, la fè nou chonje tou sa-m te di nou” (Jan 14:26).

Pandan lap travay nan moun kap swiv Kris yo, pwisans Sentespri a pwodwi yon seri de fwi nan yo ki fè yo vin fò epi ki fè yo kapab temwaye byen devan mond la kap siveye yo (Travay1:8). Galasi 5:22 e 23 di: “Men, Lespri Bondye a bay renmen, kè kontan, kè poze, pasyans, bon kè, seryozite, li fè ou gen bon manyè. Li fè ou aji ak dousè, li fè ou konn kontrole kò ou.” Fwi sa yo se prèv esansyèl prezans Sentespri a nan lavi kwayan an (Matye 7:16). Sa se mach vè sanktifikasyon an.

Nou kwè Sentespri a bay don spirityèl yo pou kenbe Legliz la byen djanm.

Sentespri a travay nan kò kolektif Kris la, ki se Legliz la. Selon sajès li ak volonte li, li distribye don spirityèl la bay kretyen yo pou fomasyon spirituel Legliz la. (Ròm 12:6-8; 1 Korent 12:7-11, 25-30; Efèz 4:11-13). Selon 1 Korent 12:7 e 11: “Lespri Bondye a fè travay li yon jan nan lavi chak moun, men li fè-l pou byen tout moun. . . . Men, se yon sèl Lespri a ki fè tou sa. Li bay chak moun yon kado diferan jan li vle”. Sentespri a konnen ki kalite don Legliz la bezwen e ki moun ki dwe resevwa don sa yo. Se Sentespri a ki chwazi pou-l bay don sa yo pou avansman Legliz la.

Se poutèt sa, Legliz De Dye ankouraje manm li yo pou yo gen lafwa ak soumisyon pou yo ka dekouvri don spirityèl Sentespri a bay yo chak. Nou gen konfyans Sentespri a konnen ki sa Legliz la bezwen e ki manm li dwe itilize pou reponn a bezwen sa yo.

Nou pa dwe bay don yon kretyen plis enpòtans pase don yon lòt kretyen. 1 Korent 12:18 e 25 di konsa: “Men, Bondye mete divès manm nan plas yo nan kò a, jan-l vle. . . . Konsa, pa gen divizyon nan kò a. Men tout manm yo youn pran swen lòt menm jan an”. 1 Korent 12:6 di tou: “ Gen divès kalite travay nan sèvis la, men se yon sèl Bondye ki bay chak moun travay pa yo nan tout sèvis kap fèt”.

Lè Kretyen an dekouvri don spirityèl li yo ak lè li mete yo an pratik, “Tout pati nan kò a vin byen òganize, yo tout byen mare youn ak lòt nan jwenti yo. Konsa, lè chak pati fè sa yo gen pou yo fè a, tout kò a ap grandi, lap devlope nan renmen” (Efèz 4:16). Konsa tou, Bondye ki te toujou la a va fè volonte-l fèt nan listwa epi lap bay pèp li a lavi an abondans, “non pa avèk kouraj ni fòs, men se va avèk pouvwa lespri pa-m nan” (Zakari 4:6).

BIB LA (ou LABIB)

Nou kwè Bib la enspire, li se otorite ki san fay, li se Pawòl Bondye, se li ki sèl mèt sou kesyon lafwa nou ak sa nou pratike.

Pòl di konsa: “Tou sa ki ekri nan liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Yap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun kap fè fòt, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye. Konsa, yon moun kap sèvi Bondye, li tou pare, li gen tou sa li bezwen pou-l fè tou sa ki byen” (2 Timote 3:16-17). Pyè ajoute: “Paske, pwofèt yo pat janm bay mesaj paske yo menm yo te vle. Okontrè, se Sentespri ki te pouse yo lè yo tap bay masaj ki soti nan Bondye” (2 Pyè 1:21).

Enspire pa Bondye oubyen “Bondye te soufle sou (ekriven yo)” siyifi Sentespri a te mete bon jan konprann ki depase entèlijans lèzòm nan lespri ekriven yo pou-l te kapab bay Bib la otorite divin. Se konsa Pòl te kapab ekri: “Se pa lespri kap travay nan moun kap viv dapre lide ki nan lemonn lan nou te resevwa. Lespri nou resevwa a, se Lespri Bondye te voye ban nou an pou-n te ka konnen tout favè Bondye te fè nou. Si nap pale sou favè Bondye fè nou, se pa avèk pawòl nou jwenn nan bon konprann lèzòm, men se pito avèk pawòl Lespri Bondye ap moutre nou. Se konsa, nou fè moun ki gen Lespri Bondye nan kè yo konprann verite ki soti nan Lespri a” (1 Korent 2:12, 13).

Nou kwè Bondye te pale epi-l te sèvi ak pawòl lèzòm pou-l te ka transmèt verite divin nan.

Se sa-k fè tou, Labib gen reflè kilti ak anviwonman kote ekriven yo tap viv la pandan yo tap etidye ak ekri-l la. Bondye tap gide ekriven yo yon fason pou verite yo tap ekri yo se pawòl pa Bondye menm yo ye. Konsa, Bib la se otorite enfayib nan tou sa kreyen yo kwè ak nan tou sa yap fè.

Bib la gen 66 liv ladann ki te ekri nan yon peryòd ki etann sou plizyè syèk. Li te ekri pa plizyè ekriven ki te pale diferan lang. Bib la gen 39 liv nan Ansyen Testaman an ak 27 nan Nouvo Testaman an. Yo chak te enspire pa Bondye e se anba direksyon Sentespri a yo te rive mete tout ansanm pou fòme sa yo rele Kanon Ekriti Sen an. An 90 (Aprè Jezikri), Konsèy ki te fet Jamnia a te konfime 39 liv sa yo e li te rekonèt yo kòm liv sakre ki te prensipalman pou pèp Izrayèl la. An 419 (Aprè Jezikri), Konsèy ki te fet Katay la, bò kote pa-l, te konfime lòt 27 liv ki nan Nouvo Testaman an ke Legliz primitiv yo rekonèt kòm vrè liv ki gen otorite apostolik e ki se Pawòl enspire pa Bondye a. Konsa, nou kwè tout 66 liv sa yo ansanm se Pawòl Bondye yo ye.

Nou kwè mesaj santral Bib la se Bòn Nouvèl Jezikri se Pitit Bondye.

Jezi se Pitit Bondye ki transfòme lavi tout moun ki reponn a lanmou-l e ki asepte-l kòm Sovè yo ak Senyè yo. Jan di konsa: “Moun ki rekonèt Jezi pou Pitit Bondye a, Bondye fè youn ak yo, yo fè youn ak Bondye” (1 Jan 4:15).

Nou kwè vrè entèpretasyon Bib la soti nan Sentespri a.

Nan 2 Pyè 1:20 nou li: “Men, anvan tout bagay, se pou nou konn sa byen: pesonn pa gen dwa pran mesaj pwofèt ki ekri nan Liv la pou li ba li sans li vle.” Nou kwè Bondye konfye Pawòl la bay Legliz la pou-l ka pwoklame-l atravè tout lemond. Legliz la se kò Kris la li ye e se Sentespri a kap gide-l. Inite kò a trè enpòtan pou-l ka byen pwoklame Pawòl Bondye a. Konsa tou, nou konprann entèpretasyon Bib la sou direksyon Sentespri

a depann de konpreyansyon tèt ansanm kò a (Efèz 4:1-19).

Nou kwè maniskri orijinal Bib la enfayib e li te ekri nan lang ebre, grèk ak anpil lòt ansyen lang.

Tradiksyon ki fèt nan lòt lang yo bay anpil moun chans pou yo li Pawòl Bondye a nan pwòp lang pa yo. Tradiksyon Bib la se yon travay ki konstan e ki pap janm fini akòz chanjman ki fèt nan lang yo epi. En swit gen nouvo maniskri akewològ yo dekouvri trè pwòch maniskri orijinal yo. Yo dwe evalye chak tradiksyon yon fason ki egzat ak byen klè pou Levangil la ka byen pwoklame. Tradiksyon ki soti nan meyè maniskri ebre ak grèk yo prezève otorite enfayib Bib la genyen an kòm Pawòl Bondye. Tradiksyon ki fèt pa yon komite pi bon pase tradiksyon ki fèt pa yon sèl moun, paske li pèmèt yo tcheke epi balanse tradiksyon an.

LIMANITE

Nou kwè lom enpòtan pou Bondye.

Bondye gen anpil sousi pou tout moun an general ak pou tout kominote. Sousi-l gen pou limanite a soti nan bon jan renmen li genyen pou tout moun (Ròm 5:8). Renmen sa a se yon renmen ki konpreyansif. Li pa sèlman mande pou nou reponn a renmen sa a nan sans sali endividyèl la, men tou se pou-n aktif ak fè efò pou-n ka transfòme sosyete a. Nan liv pwofèt Amòs la nou jwenn pawòl sa yo: “Tankou dlo kap kouri larivyè, se pou nou rann tout moun jistis nan peyi a. Tankou yon kouran dlo kap kouri san rete, se pou nou toujou fè sa ki dwat” (Amòs 5:24). Krisyanism fe nou konpran limanite se sen e sakre.

Nou kwè nan nati kreyasyon nou an.

Bondye te kreye lèzòm. Bib la fè-n konnen sa klè lè-l di konsa: “Bondye kreye moun: li fè-l pòtre ak li. Li kreye yo gason ak fi” (Jenèz 1:27). Sa vle di lèzòm tankou tout lòt bagay nan kreyasyon an depann vrèman de Bondye. Pat gen anyen nan kreyasyon an ki te gen lavi ladan-l. Dapre Jenèz 2:7: “Lè sa a, Senyè a, Bondye a, pran pousyè tè, li fè you nonm. Li souffle nan twou nen nonm lan pou-l ba li lavi. Epi nonm lan vin vivan”. Ras imèn nan ak lemond poutèt pa-l, yo kontinye egziste sèlman paske Bondye kontinye bay kreyasyon li a lavi (Jan 1:1-9; Ebre 1:1-3).

Nou te kreye nan resanblans Bondye. Se sak fè-n diferan de tout lòt kreyati ki vivan yo. Nou kwè “resanblans Bondye” a (Jenèz 1:27) pèmèt nou gen kominyon avèk Bondye e sa fè-n toujou “grangou” pou li ak “swaf” li lè relasyon-n vin koupe ak Bondye. Nou dwe remake ke ni gason yo ak ni fanm yo, yo tout gen “resanblans Bondye nan yo”. Li pa pou ni mal ak ni pou femèl, men li senpleman pou tout moun an jeneral.

Lòm se yon kreyati ki te kreye “bon” nan yon “bon” kreyasyon. Bondye te bay lèzòm pouvwa sou tout lemond (Jenèz 1:26-30), dezi pou yo gen kominyon ak tout lòt moun parèy yo (Jenèz 2:18), dezi pou yo gen relasyon seksyèl (Jenèz 1:27, 28; 2:21-25) ak libète pou yo pran nenpòt desizyon yo vle (Jenèz 2:15-17). Bondye te kontan lè-l te fin kreye lòm epi li te di lemond te “bon nèt”(Jenèz 1:31). Konsa, Labib bay ras imèn nan anpil enpòtans paske se Bondye ki te kreye-l (Sòm 8).

Nou kwè nou genyen yon nati peche nan nou menm.

Bonte orijinal kreyasyon an te vin depafini akòz lom. Ak volonte lib lòm genyen moun te chwazi viv apa lwen Bondye jan li vle a. Istwa desizyon sa a ki rele “chit lòm” nan. Nou jwenn istwa sa nan Jenèz 3. Premye peche a pat sèlman dezobeyisans a lalwa divin nan, men se te tou yon efò bò kote lòm, pou yo te ka vin endepandan de Kreyatè a. Nou jwenn rezon kle premye peche a nan pawòl Tantatè a te di Èv la: “Se pa vre. Nou pap mouri kras. Bondye di nou sa paske li konnen jou nou manje ladan-l, je nou va louvri. Na vin tankou Bondye, na konn sa ki byen ak sa ki mal” (Jenèz 3:4, 5).

Dezi pou chache viv apa lwen Bondye a se vrè sous peche a. Nou gen dezi pou-n vin pwòp kreyatè pou tèt pa-n ak pou nou Bondye tou. Se vye dezi sa a ki fè gen anpil vyolans, degradasyon ak mechanste konsa a. Pòl di sous tout koripsyon imèn nan sèke lèzòm “mete manti nan plas verite Bondye a. Yo pito adore kreyati Bondye, yo pito sèvi yo pase pou yo adore Bondye ki kreye yo a . . .” (Ròm 1:25).

Nou kwè le yon moun vle viv apa, lwen Bondye desizyon sa pa kondwi-n vè lavi men pito kondwi-n vè lanmò. Pou Adan ak Èv, desizyon yo te pran kont Bondye a te gen kom rezilta: separe yo ak Bondye; e li separe yo youn ak lòt epi ak tè a ke yo tap domine a (Jenèz 3:8-24). Nou kwè tout moun eritye nan desizyon sa a. Nan Ezayi 53:6 nou li: “Nou te tankou mouton ki te pèdi bann, chak moun bò pa yo.” Tout moun an jeneral se pechè. Yo tout separe ak Kreyatè a ki bay lavi a. Nati peche lèzòm nan gate ak kowonpi nati nou te gen le Bondye te kreye nou.

Nou kwè nan kapasite nouvèl kreyati nou genyen nan Kris la.

Bondye pa lage nou poukont nou ant nati li te bay nou le li te kreye nou an e nati peche nou an. Nou kwè Bondye te aji ak tout fòs li pa mwayen Jezikri pou-l te ka rekonsilye lèzòm ak li epi delivre yo anba lanmò pou-l ka ba yo lavi.

Nou kwè Jezikri te alafwa lòm e Bondye. Lè-l te devni yon moun tout bon an, Jezi te montre kisa viv kou yon moun vle di. Ebre 2:17 fè-n konnen: “Se konsa, li te fèt pou-l te vin tankou frè-l yo sou tout pwèn, pou-l te ka sèvi yo tankou yon granprèt ki gen anpil pitye pou yo, kap fè sèvis li byen devan Bondye, pou ofrann li fè a ka fè Bondye padonnen peche tout pèp la” (gade tou Ebre 2:5-18). Redwi epi degrade pa peche, eksplwate pa Satan, kraze pa dezespwa epi kondane a mò, ras imèn nan vin lèd e san espwa. Malgre-l anba laperèz ak peche, imaj Bondye a toujou la nan lòm. Lè-l te pran fòm yon moun, Jezi te fè limanite vin bèl ankò. Malgre limanite vin fenwa, Jezi fè limanite vin klere. Kom yon moun tout bon, Jezi fè-n wè tèt nou ak limanite yon lòt jan ki tou nèf (2 Korent 5:16, 17).

Jezikri pa sèlman devni egzanp pou moun ki rachte a, men li se sakrifis ki fè redanmsyon an posib. Lè-l te mouri sou kwa a, li te peye tout dèt peche limanite. Nan Ròm 5:18, Pòl di pawòl sa yo: “Se sa-k fè menm jan fòt yon sèl moun lakòz tout moun kondannen, konsa tou gremesi yon sèl moun ki mache dwat devan Bondye, tout moun delivre anba jijman kondannansyon, yo jwenn lavi.”

Lafwa nan Jezikri fè kwayan an vin ne de nouvo ak vin yon nouvèl kreyati. Lafwa sa fè-l benefisye lanmou Bondye a ak li vin gen kominyon avèk Bondye e ak pèp li a. Konsa, Kreyen an se yon moun nouvo, li fè pati de yon limanite tounèf. Moun tounèf an Kris la se yon moun Bondye mete apa pou-l temwaye wayòm Bondye a ak promès rekreyasyon an.

Nou kwè le Jezi retounen, se le sa nou va reyalize tout posibilite Bondye gen pou lòm. Jik lè Jezi va retounen, kwayan yo aple pou yo fè pati de yon pelerinaj chak jou. Pelerinaj sa fè yo kite ansyen vi yo tap mennen an pou yo ka antre yo pi fon nan nouvèl vi ki genyen nan Kris la. Moun tounèf an Kris la manifeste tout posibilite Bondye gen pou imanite. Sa komanse ak nouvo nesans kwayan epi li va reyalize totalman le Jezi pote viktwa li a la fin dimond. Nou jwenn yo pale de posibilite sa a byen klè nan Levanjil Jan: “Men, sa ki te resevwa-l yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye” (Jan1:12).

AJANS MORAL LIB (ou VOLONTE LIB)

Nou kwè Bondye te kreye nou kòm moun ki gen kapasite ak yon volonte lib.

Nou lib pou-n viv, pou-n panse ak pou-n ajè selon pwòp volonte nou (Jozye 24:15; Jan 1:12; Jan 6:67). Pasaj sa yo montre byen klè ke nou gen libète pou-n asepte ou rejte Bondye ak pou-n obeyi-l ou dezobeyi-l. Bondye mete limit nan konpòtman lòm. Nou pa lib pou-n fè tèt nou pase pou Bondye kòm anpil moun ta renmen fè-l (Jenèz 3:1-6). Se kreyati nou ye, men nou pa Kreyatè a.

Nou kwè tout moun gen pou rann Bondye kont pou tout chwa yo te fè.

Tout moun gen nan yo yon dezi pou yo fè sa ki byen ak yon lòt dezi kap pouse yo fè sa ki mal. Nou jwenn verite sa nan istwa jennonm rich la ki nan Mak 10:17-22. Li te fè chwa-l epi li te responsab pou konsekans desizyon li a. Sa se yon bagay ki vre pou tout moun. Nou wè sa tou nan Ròm 14:12 ki di: “Se konsa, chak moun gen pou rann Bondye kont pou tèt pa li”.

Nou kwè pwiske kwayan yo te lib pou yo te pran desizyon pou yo asepte Kris kòm Sovè yo ak Senyè yo, konsa tou yo lib a nenpòt moman pou yo vire do bay Bondye epi pou yo pèdi.

Si kreyen yo refize rekonèt peche yo ak nesite pou yo jwenn padon pou peche yo, si yo rejte Sovè ak Senyè yo te asepte a, si yo pap swiv Jezi ankò (Jan 10:27), si yo retire Kris nan lavi yo, yap pèdi sali ke yo te genyen an (Jan 15:6). Pyè di nou konsa: “Moun ki rive konnen Jezikri tankou Senyè ak Sovè li, li fin chape anba tout vye bagay mal ki nan lemonn. Si apre sa, li tounen mele ladan yo ankò, si-l kite bagay sa yo pran pye sou li ankò, lap pi mal pou li pase jan-l te ye anvan an. Sa ta pi bon pou li si-l pat janm konnen chemen dwat la, pase pou, lè-l fin konnen-l lan, li vire do bay kòmandman li te resevwa nan men Bondye a. Sa ki rive yo a montre sa pwovèb la di a se vre: Chen an tounen vin manje sa li te vomi an. Lave manman kochon, la-l roule nan labou ankò” (2 Pye 2:20-22).

Sa pa vle di pou kreyen yo ap viv toutan nan laperèz poutèt yo pè pou yo pa pèdi sali a. Kreyen an pa pèdi relasyon-l avèk Bondye a chak fwa-l tonbe. Jan di: “Pitit mwen yo, map ekri nou lèt sa a pou nou pa fè peche. Men, si yon moun rive fè peche, nou gen yon avoka kap plede pou nou bò kot Papa a: Se Jezikri, moun ki te mache dwat devan Bondye a” (1 Jan 2:1). Kreyen yo gen pwomès sa a tou: “Min, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske lap fè sa-k gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal”(1 Jan 1:9).

Nou kwè Bondye bay Kreyen an pouvwa pou-l ka viv yon vi viktorye.

Menm jan Kreyen yo demere nan Kris, Kris demere nan yo tou (Jan 15:4). Senyè a te di konsa: “Mwen pap janm vire do ba ou, mwen pap janm lage ou” (Ebre 13:5). Nou ka abandone Bondye. Men, Bondye pap janm abandone nou.

1 Korent 10:13 fè-n konnen: “Tout tantasyon nou jwenn sou chemen nou, se menm kalite tantasyon tout moun jwenn sou chemen yo tou. Men, Bondye li menm toujou kenbe pawòl li: li pap kite yo tante nou yon jan ki depase sa nou ka sipòte. Men, lè nou va anba tantasyon an, la ban nou fòs pou nou ka sipòte-l, pou nou ka soti anba li.” Paske “se Bondye menm kap travay tout tan nan kè nou. Se li ki ban nou anvi fè sa ki pou fè-l

plezi ansanm ak fòs pou nou ka fè-l vre” (Filip 2:13). Pèp Bondye a kapab fè fas ak lavi a avèk konfyans ke-l lap genyen laviktwa kan menm.

REJENERASYON

Nou kwè nan rejenerasyon.

Doktrin rejenerasyon an ou doktrin nouvèl nesans la, se ansèyman santral Legliz de Dye nou yo. Kwayans sa a soti nan deklarasyon Jezi te bay Nikodèm nan, lè-l te di-l: “Pa sezi si mwen di ou: se pou nou fèt yon dezyèm fwa” (Jan 3:7).

Rejenerasyon an se yon transfòmasyon total kapital ki fèt nan lavi yon moun kote li abandone tèt li pou-l bay Bondye premye plas nan lavi li. Kris pale nan Matye sou nesosite pou-n vin “tankou timoun.” Disip yo te poze Jezi kesyon sa a: “Ki moun kap pi gran nan wayòm syèl la?” Jezi te pran yon timoun li te mete-l nan mitan yo. Apre sa li te deklare: “Sa map di nou la a, se vre wi: si nou pa chanje, si nou pa tounen tankou yon timoun piti, nou pap janm ka mete pye nou nan Peyi Wa ki nan syèl la” (Matye 18:1-4).

Konsa tou, Kris montre nesosite pou yon moun antre nan yon vi tounèf ak pou-l viv dapre nouvo prensip lavi a. Rejenerasyon an rann vi tounèf la posib nan Jezi pa mwayen pwisans Sentespri a. Sa fè-n vin gen yon relasyon tounèf ak Bondye, yon kominyon tounèf avèk lèzòt yo ak yon atitid tounèf anvè lemond.

Nou kwè nou dwe reponn a kado Bondye ofri nou.

Vi tounèf sa a se yon chanjman sipènatièl. Se pa pa efò pèsònèl yon moun rive benefisyè nouvo vi sa, men se pa pouvwa ak enfluyans Bondye. Jan fè-n konnen verite sa a lè-l pale sou moun ki “pat vin pitit Bondye jan sa fèt pami lèzòm sou latè, paske sa pat soti nan egzijans lachè, ni nan volonte lèzòm. Se Bondye menm ki te papa yo” (Jan 1:13). Bondye pa bay moun vi tounèf sa a ki pa vle-l. Bondye ofri sali a bay tout moun, men li pa fòse pyès moun resevwa-l. Bondye pa detwi e ni li pa chanje volonte lib lòm genyen an pou-l asepte ou rejte-l òf sa a.

Pou nou ka resevwa rejenerasyon an, nou dwe rekonèt nou bezwen yon vi tounèf epi tou nou dwe rekonèt se pa Jezi sèl nou ka resevwa-l. Nan Travay 4:12 nou li: “Se li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou.” Nou dwe rekonèt peche nou tou. “Paske tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a” (Ròm 3:23). “Se poutèt sa, moun ki pa fè byen li konnen li gen pou-l fè a, li fè peche” (Jak 4:17).

Tout moun ki nan yon sityasyon kote-l gen reponsabilite devan Bondye bezwen rejenerasyon an. Sa vle di yo vin gen bon jan konpreyansyon spirityèl jouk yo rive nan eta kote yo ka devlope yon relasyon pèsònèl avèk Jezikri. Yo kapab alafwa konprann pwòp peche pa yo ak responsabilite yo devan Bondye san yo pa depann de pyès moun. Kwake sa konn rive lè nou te timoun, men sa ka varye selon matirite spirityèl nou ak kapasite mantal nou.

Fòk nou rekonèt se peche-n ki separe-n avèk Bondye; e nou dwe gen volonte pou-n repanti. Repantans vle di volonte pou-n konfese peche-n epi vire do bay peche. Travay 3:19 di: “Chanje lavi nou, tounen vin jwenn Bondye pou-l ka efase peche nou yo.”

Kris vin nan lavi nou e li fè nou vin yon moun nouvo gras a Bondye ki padone nou pa amou li gen pou nou an. Nan 2 Kòrent 5:17 nou li: “Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a.”

JISTIFIKASYON

Nou kwè se pa lafwa nou justifye an Kris, men se pa pa mwayen zèv lalwa yo e ni se pa pa mwayen zèv nou ak pwòp jistis nou.

Jistifikasyon an siyifi mete-n dwat nan bon jan relasyon avèk Bondye. Pòl te di: “Men Bondye ki renmen yo, li fè yo gras. Li fè sa pou yo gratis, gremesi Jezikri ki vin delivre yo” (Ròm 3:24). John Winebrenner te di rejenerasyon vle di “chanjman konplè”. Jistifikasyon vle di nou vin genyen yon relasyon ki dwat avèk Bondye.

Bagay ki pi enpòtan nan zafè jistifikasyon an sèke se travay Bondye menm li ye. Nou pa kapab fè-l pou tèt nou. Se gras a tout merit Kris la genyen an ki fè Bondye jistifye yon moun. Yon pechè ki jistifye resevwa jistifikasyon sa a pa lafwa nan Jezikri (Galasi 2:16-21). Le yon moun jistifye, Bondye deklare moun sa-a pwòp de tout peche-l. Bondye retire santans peche kè li merite a ak retali-l kòm jis devan fas li.

Nou kwè Bib la anseye kat (4) bagay esansyèl pou jistifikasyon an rive fèt: se remisyon, restorasyon, jistis Bondye bay la ak yon nouvell pozisyon devan Bondye.

Remisyon siyifi kwayan ki jistifye yo libere anba egzijans lalwa yo paske Kris satisfè tout demand sa yo. Ròm 4:5 di: “Okontrè, moun ki pa fè okenn travay pou yo dwe li kichòy, men ki mete konfyans li nan Bondye sèlman, Bondye kap fè tout moun ki meprize-l yo gras, ap fè moun sa yo gras tou paske yo mete konfyans yo nan li.” Remisyon an pi plis pase padon peche a. Se Bondye menm ki deklare ke kilpabilite pechè a jwenn padon nan Kris.

Restorasyon siyifi yon moun deklare jis nan Kris. Pechè yo pa senpleman padone, men Bon Dye fe-l tankou yo pat janm fè peche. “Men sa ki ekri nan liv la menm; Abraram te mete konfyans li nan Bondye. Se poutèt sa Bondye te fè-l gras” (Galasi 3:6).

Jistis Bondye bay la siyifi yon moun vin jis devan Bondye akòz prezans Kris la ki nan kwayan an. Nou jwenn nan 1 Korent 1:30: “Bondye mete nou ansanm ak Jezikri, li fè Kris la tounen bon konprann pou nou. Se Kris la ki fè Bondye fè nou gras. Se li menm kap fè nou viv apa pou Bondye, se li menm ki delivre nou.”

Nouvèl pozisyon nou devan Bondye a se yon chanjman komplet. Kris pran plas pechè a, li te devni yon pechè poutèt nou e yo te jije-l pou peche nou. 2 Korent 5:21 di konsa: “Kris la pat janm fè okenn peche, men Bondye fè-l pran sò nou sou li, yo trete-l tankou you moun ki fè peche. Konsa, lè nou fè yon sèl kò ak Kris la, Bondye fè nou gras.” Konsa, pechè a kanpe avek jistis Kris la sou li epi li vin yon pitit Bondye. Galasi 4:4 e 5 di: “Men, lè lè a rive, Bondye te voye pwòp pitit li. Li soti nan vant yon fanm, li viv anba lalwa jwif yo, pou-l te ka delivre tout moun ki te anba lalwa pou-n te kapab vin-n pitit Bondye.”

SANKTIFIKASYON

Nou kwè sanktifikasyon an alafwa enstantane e pwogresif.

Sanktifikasyon an dapre bib la se yon mach ki mennen nou a mete tout lavi nou an règ ak volonte Bondye. Siyifikasyon fondamantal sanktifikasyon an se mete lavi nou apa totalman bay Bondye. Se sa ki rele konsakrasyon. Le nou santifye nenpòt bagay nou deklare bagay la se pou Bondye li ye.

Nan Ansyen Testaman an, mo “sanktifikasyon” te itilize pou siyifye konsakre plas, jou, sezon ak anpil lòt bagay yo te konn sèvi pou adorasyon. Nouvo Testaman an itilize mo sanktifikasyon an nan yon fason ki konsène moun sèlman. Li prezante-n yon Sovè ki te konsakre-l totalman a Bondye. Konsa pou sila yo ki kwè nan li kapab vin sanktifye tou.

Sanktifikasyon yon moun fèt nan menm moman ansanm avèk rejenerasyon an -- nouvo nesans. Sanktifikasyon nati yon moun siyifye moun nan ap kontinye grandi nan lagras, nan verite ak nan relasyon nou avèk Bondye.

Jisitifikasyon se yon travay Bondye mete sou nou. Sanktifikasyon an se travay Bondye nan nou. Jistifikasyon an refere-l a yon chanjman nan pozisyon nou devan Bondye. Sanktifikasyon an li menm refere a yon chanjman ki fèt nan lavi nou. Chanjman ki fèt nan nou menm nan kòmanse nan moman rejenerasyon an fet e chanjman sa-a kontinye gradyèlman jouk nou vin tankou Kris. Rejenerasyon siyifye nesans nou. Sanktifikasyon siyifye devlopman nou.

Nou kwè transfòmasyon lavi nou ak karaktè nou kòm kwayan rive fèt apre nou fin konsakre-n bay Bondye.

Sila yo ki pou Kris yo aple pou yo viv nan li. Pòl egzòte nou konsa: “Se sa ki fè, mwen menm ki nan prizon poutèt Senyè a, map mande nou pou nou viv jan ki konfòm ak jan Bondye te rele nou pou-n viv la” (Efèz 4:1). “Nou menm ki deja leve soti vivan ansanm ak Kris la nan lanmò, se pou nou chache bagay ki anwo nan syèl la kote Kris la chita sou bò dwat Bondye. Pa kite bagay ki sou latè pran tèt nou, mete lide nou sou bagay ki anwo nan syèl la. Konnen sa byen: nou mouri deja, lavi nou kache ansanm ak Kris la nan Bondye. Se Kris la ki lavi nou tout bon. Lè la parèt, nou menm tou na parèt ansanm avè-l nan tout bèl pouvwa li” (Kolòs 3:1-4; ak Kolòs 3:5-14; Ròm 6-8).

Se pa pwisans Sentespri a ki demere nan nou an ki fè nou kapab gen yon mòd vi ki pi sanble ak Kris. Sanktifikasyon an se yon bagay ki pran tout lavi yon moun pou li reyalize. Chak jou yon moun dwe soumèt lavi li a Bondye. Se konsa, li pa fini nan yon sel moman, ou yon sel evenman. Li pap fini anvan lavi tounèf la rive (1 Jan 3:2).

Nou kwè se yon privilèj ak se responsabilite kwayan yo pou yo mennen yon vi ki sen.

Sentete a se yon karakteristik Bondye li ye e li ta dwe make jan kretyen an ap mache. 1 Pyè 1:15 e 16 di: “Menm jan sila a ki rele nou an sen, se pou nou sen nan tout sa nap fè; paske, men sa ki ekri nan Liv la: ‘Se pou nou sen, paske mwen menm, mwen sen.’” Sa se yon kòmandman, men se pou kwayan yo chwazi tou pou yo vin sen. Nou toujou gen volonte lib pandan nap mache vè sanktifikasyon an. Sentete a pa siyifi yon pèfeksyon ki san peche, ni li pa siyifi nati peche nou an efase nèt a yon sèten pwen. Peche ak nati peche nou an ap toujou la nan nou menm pandan lavi sa a (Galasi 5:17). Vrèman, Bondye vle yon pèp ki sen. Konsa, kwayan an dwe pran bon jan desizyon pou-l

remèt lavi-l bay Sentespri a pou-l ka vin sen. Sentete pa mande ki kantite Sintespri nou gen nan lavi nou. Sentete mande ki kantite lavi nou Sintepri gen pou Li a.

Mennen yon vi ki sen posib sèlman lè kwayan an kite Sentespri a dirije lavi-l a chak moman. Moun kap swiv Kris yo depann de pwisans ak èd Sentespri a ki kapab pwodwi lavi Kris la nan nou. Pòl te di: “Se sa-k fè, frè-m yo, jan Bondye fè nou wè jan li gen kè sansib pou nou an, se pou nou ofri tout kè nou ba li tankou ofrann bèt yo mete apa pou Bondye, bèt yo ofri tou vivan epi kap fè Bondye plezi. Se sèl jan nou dwe sèvi Bondye tout bon. Pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè la fin chanje tout lide ki nan tèt nou. Lè sa-a, na ka konprann sa Bondye vle, na konnen sa ki byen, sa ki fè-l plezi, sa ki bon nèt ale” (Ròm 12:1, 2). Pi devan li ajoute: “Men, Lespri Bondye a bay renmen, kè kontan, kè poze, pasyans, bon kè, seryozite, li fè ou gen bon manyè. Li fè ou aji ak dousè, li fè ou konn kontrole kò ou. Lalwa Moyiz la pa kont okenn nan bagay sa yo. Moun ki pou Jezikri, yo fè kò a mouri ansanm ak tout egzijans li yo, ak tout lanvi li yo. Se Lespri Bondye a ki ban nou lavi, se pou-n kite li dirije lavi nou nan tout bagay. Pa kite lògèy moute nou nan tèt. Piga yon chache lòt kont. Piga yon rayi sò lòt” (Galasi 5:22-26). Mennen yon vi ki sen se yon privilèj ak se responsablite kwayan an paske sa va onore ak gloryfye Bondye.

LEGLIZ LA

Nou kwè Legliz la se yon pèp kap viv apa pou Bondye.

Mo “legliz” la nan Nouvo Testaman grèk la se “*eklyzya*”, ki vle di “sa yo rele a.” “*Eklezya*” se yon mo ki te refere a yon group moun ki reyini pou regle zafè yo. Pòl ak lòt ekriven yo te genyen nan tèt yo mo “*gahal*” ki se yon mo ebre ki siyifi “sa yo rele a”; e mo sa a refere a “asanble” oubyen “kongregasyon” Izrayèl la. “*Eklezya*” te gen menm siyifikasyon ak mo “*gahal*” nan bib ki rele Septant la ki se tradiksyon Ansyen Testaman an an grèk ke kretyen nan tan lontan yo te konn itilize.

Se Bondye ki te fonde Legliz la. Se sèlman pa mwayen mizèkòd Bondye ak gras li fè nou ki fè sali a vin posib pou pechè yo. Legliz la fome pa tout moun ki reponn ak apèl Bondye fè yo nan lanmou Pitit gason li a, Jezikri, ki gen pouvwa pou sove nou an. Menm jan Bondye te rele Izrayèl pou-l te ka vin pèp chwazi pa-l la, dapre Ansyen Kontra a, se konsa tou kounye a Bondye rele Legliz la pou-l vin nouvo Izrayèl la anba Nouvo Kontra a (Ròm 4:16).

Nou kwè Legliz la se “kò Kris la”.

Youn nan imaj Bib la itilize pou Legliz la se “kò Kris la” (Ròm 12:3-8; 1 Korent 12:12-27; Efèz 4:4-16). Nan Ròm 12:5 Pòl ekri: “Se konsa tou, nou anpil, men nou fè yon sèl kò ansanm ak Kris la. Nou tout nou fè yon sèl kò tou youn ak lòt, tankou plizyè manm nan yon sèl kò.”

Tout kretyen yo enpòtan pou bon fonksyonman kò Kris la, menm lè yo pa gen menm don spirityèl, menm nasyonlite ak menm ran sosyal. Menm pati nan kò a ki sanble-l pi fèb la endispensab. Inite ki gen nan kò Kris la pa kanpe sou pwen ki di nou tout sanble. Inite kanpe sou “. . . yon sèl Senyè, yon sèl konfyans (lafwa), yon sèl batèm, yon sèl Bondye ki Papa nou tout, kap domine sou nou tout, kap aji nan nou tout, ki nan nou tout” (Efèz 4:5, 6). Pa gen kretyen ki kapab viv detache ak kò Kris la menm jan youn men osinon youn pye pa kapab viv apa san-l pa kole ak kò a. Kris se “tèt kò a, Legliz la” (Kolòs 1:18). Tout moun ki se kretyen tout bon vre dwe sèvi li kòm Senyè yo. Tout moun ki kite Kris la dirije yo, se yo ki fome tanp Bondye epitou li abite nan mitan yo (1 Korent 3:16).

Souvan yo rele Legliz la “Pèp Bondye a”. “*Laos*” se yon mo grèk ki siyifi “pèp” epi li se rasin mo “*layik*” la. Kretyen yo se “yon ras (“*laos*”) Bondye chwazi, yon bann prèt kap sèvi wa a, yon nasyon kap viv apa pou Bondye, yon pèp li achte” (1 Pyè 2:9).

Nou kwè Legliz la benefisye yon kominyon ki espesyal.

Kalite lavi ki egziste anndan Legliz la se nan mo “kominyon” an nou jwenn li. Nan lang grèk la, mo a se “*Kòynonya*” ki siyifi yon relasyon espesyal ki anrasinen nan kominyon kretyen an ak Papa a pa mwayen Pitit li Jezikri nan Sentespri a (1 Jan 1:3; Filip 2:1-4).

Adorasyon ansanm nan se yon bagay ki enpòtan pou tabli ak nourri “*kòynonya*” a. Premye kretyen yo te “pase tout tan yo ap koute sa apòt yo tap montre yo, yo tap viv ansanm tankou frè youn ak lòt, yo reyini pou separe pen an bay tout moun, epi yo tap lapriyè” (Travay 2:42). Tout kretyen yo dwe met tèt yo ansanm pou youn ka ankouraje lòt, pou youn ka ede lòt, pou renmen youn lòt, pou fè sa ki byen epi pou pote fado youn lòt (Ebre 10:25; Galasi 6:2).

Nan Nouvo Testaman an, Legliz la se lakay ki gen lafwa ak fanmi Bondye a (Efèz 2:19). Pòl ankouraje Legliz la pou “youn renmen lòt tankou frè ak sè kap viv ansanm ak Kris la” (Ròm 12:10). Pòl te di Timote konsa: “Pa fè granmoun gason yo repwòch two di. Pale ak yo tonkou ou ta pale ak papa ou. Aji ak jenn jan yo tankou si yo te frè ou; ak granmoun fanm yo, tankou si yo te manman ou; ak jenn fi yo, tankou si yo te sè ou, san okenn move lide” (1 Timote 5:1, 2). Kreyen Efèz yo te jwenn ansèyman pou yo: “Chache fè tankou Bondye, paske yo se pitit Bondye renmen anpil” (Efèz 5:1). Relasyon ant mari ak madanm kapab konpare avèk lanmou ki egziste ant Kris ak Legliz li a (Efèz 5:21-23). Kreyen yo dwe sonje: “Moun ki renmen Bondye, yo fèt pou yo renmen frè yo tou” (1 Jan 4:21).

Nou kwè Legliz la dwe pratike nan lavi-l tout prensip yo ki nan Nouvo Testaman an.

Atravè tout listwa-l, Legliz De Dye toujou soutni doktrin Legliz la byen djanm; yo konsidere-l kòm baz solid tewoloji kreyen an. Doktrin Legliz la sou zafè rejenerasyon an, òdonans yo, dirijman Legliz la ak prensip Legliz la, yo tout gen rapò ak doktrin Legliz la menm jan-l mete anpil enpòtans nan prensip yo ki nan Nouvo Testaman an.

John Winebrenner ki se fondatè denominasyon ki vin Legliz De Dye, Konferans Jeneral la, te gen yon bèl lide sou Legliz la. Li te fe yon etid serye nan Labib, e li te wè “Legliz de Dye” se non bibliki ki konfòm pou-l te bay Legliz la (1 Korent 1:2). Li te wè tou sistèm ansyen (presbiter) yo (Travay 14:23) ak dyak yo (1 Timote 3:10) se fòm bibliki pou gouvènman Legliz la. Li te konpran ke se nouvel nesans la ki sèl mwayen pou yon moun vin fè pati Legliz la (1 Jan 5:1).

Legliz la egziste pa gras Bondye ak travay redanmtè Jezikri a. Legliz la fèt ak tout moun ki asepte Kris kòm Sovè pèsònèl yo ak Senyè yo epi kap mennen yon nouvel vi. Sa dwe fèt lakay tout kreyen kèlkeswa denominasyon yo

ÒDONANS YO

Nou kwè Kris te bay Legliz la twa (3) òdonans divin.

Nou sèvi ak mo “òdonans” lè nap pale de Batèm, lavman dè pye ak lakominyon. Jan nou konprann mo òdonans la soti nan de (2) tradisyon. Premye a soti nan obsèvasyon fèt Jwif Pak la. Dezyèm nan soti nan enstriksyon Pòl te bay Legliz Korent la. Mo òdonans la se yon mo ki te refere a obsèvasyon Fet Pak la ki te obsève nan Ansyen Alyans. Men sa Egzòd 12:14 di: “Jou sa a, se yon jou pou nou pa janm bliye. Se pou nou fete-l tankou yon fèt pou Senyè a, chak lè lè a va rive. Se pou nou pase yon lwa pou nou toujou fete fèt sa a, nou menm ak tout pitit pitit nou yo.” Depi nan komansman Legliz la te obeyi enstriksyon Pòl te bay kwayan ki te nan legliz Korent yo. Nan 1 Korent 11:2 Pòl te konplimante yo konsa: “Mwen fè nou konpliman pou jan nou toujou chonje-m, pou jan nou kenbe tout bagay [Odonans yo] mwen te moutre nou.”

Nou itilize mo “òdonans” olye de “sakreman”. Nou pa anplwaye mo “sakreman” poutèt, dapre listwa mo sa a, anpil moun konsidere-l kòm yon mwayen ki kapab fè moun ki obsève-l la sove. Nou kwè Bondye beni manm fanmi li a yon fason espesyal lè yo patisipe nan sèvis adorasyon ki itilize òdonans sa yo (Jan 13:17). Sepandan, se sèlman lè yon moun kwè nan Senyè Jezikri li kapab sove.

C. H. Forney ki te youn nan ansyen lidè nan Legliz nou yo, nan yon liv li te ekri ki rele Baz Filozofik Òdonans yo, (pibliye an 1906 pa Central Publishing House, Harrisburg, PA., U.S.A.), te bay senk (5) bagay ki nesèsè pou yo ka konsidere yon seremoni kom yon òdonans:

1) *Otorite Divin*. Pou yon seremoni kapab yon òdonans, fòk se Kris menm ki te bay lòd pou yo fè-l. Sa vle di se li menm menm ki te pase lòd epi li te obsevè-l tou.

2) *Pratik Fomèl*. Yon òdonans kretyen se yon rit. Se yon seremoni ki vizib epi ki gen yon bon jan verite ladan-n.

3) *Eleman Materyèl*. Bagay yo sèvi ak yo pou yo fè òdonans yo se senbòl natirèl yo ye, se bagay nou ka manyen e se Kris ki te chwazi yo paske yo gen anpil enpòtans pou montre reyalite spirityèl la.

4) *Istwa Redanmsyon an*. Yon òdonans dwe montre dirèk yon gwo levennman nan misyon Kris te genyen an pou-l sove limanite.

5) *Eksperyans Spirityèl*. Yon òdonans dwe montre yon gwo levennman ki fèt nan lavi spirityèl nou.

BATÈM

Nou kwè nan òdonans batèm nan kòm yon selebrasyon nouèl vi nou genyen nan Kris la.

Batèm nan se youn nan òdonans Legliz la. Sa vle di se Jezikri ki te òdone pou yo fè-l. Jezi te voye disip li yo lè-l te di yo: “Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a” (Matye 28:19).

Batèm nan se yon temwayaj piblik de yon gras nou resevwa. Lè nou kwè epi lè nou pran angajman pou nou swiv Kris, yon chanjman fondamantal fèt nan nou. Bondye resevwa nou, li padone nou epi li dirije lavi nou. 2 Korent 5:17 di: “Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay tounèf ki pran plas yo kounye a.” Batèm nan reprezante lanmò ak antèmnan epi rezireksyon Senyè Jezikri a ak patisipasyon kwayan an nan plan diven sa a.

Òdonans batèm nan se yon temwayaj piblik li ye. Lè nou batize nou bay yon temwayaj piblik ki montre jan nou kwè nan Kris la ak jan nou pran angajman pou nou swiv li.

Nou rekonèt genyen yon relasyon ant batèm kwayan an ak batèm Jezi a. Menm lè Labib di nou Jezi te san peche, men li te kite Jan Batis batize-l kanmenm.

Batèm Jezi a gen twa (3) siyifikasyon:

1) *Obeyisans li a Bondye Papa a.* Konsènan batèm li a, Jezi te di: “Kite sa fèt konsa koulye a. Se konsa pou nou fè tou sa Bondye mande” (Matye 3:15).

2) *Sèvis li.* Avèk batèm nan, Jezi te idantifye-l ak nou pa mwayen enkanasyon li a pou-l te ka sèvi nou.

3) *Li aksepte pote peche-n sou lakwa.* Paske Jezi te san peche, batèm li a te senbolize peche-n yo li ta pral pote sou bwa kalvè a. Jan Batis te di konsa: “Men ti mouton Bondye a kap retire peche moun sou tout latè” (Jan 1:29).

Nou batize moun ki kwè.

Sila yo ki mete lafwa nan Kris kom Sovè a epi ki pran angajman yo pou yo swiv li, se yo menm ki kalifye pou yo batize. Nan tan Legliz primitiv yo, fòk yon moun te konfese peche-l ak repanti anvan pou-l te kapab resevwa batèm nan. Pyè te di konsa: “Tounen vin jwenn Bondye, epi youn apre lòt vin resevwa batèm nan non Jezikri, pou Bondye padone tout peche nou yo. Apre sa, na resevwa Sentespri a, kado Bondye a” (Travay 2:38). Ofisyè peyi Etyopi a te di Filip konsa: “Bon, men dlo. Kisa ki pou anpeche-m resevwa batèm?” (Travay 8:36).

Pwiske vre batem dwe swiv lafwa nan Kris kom Sove a ak desizyon pou swiv li, nou kwe sel moun ki kapab batize, se moun ki gen ase matirite pou yo deside aksepte Kris e pran angajman pou swiv li.

Pwiske nou kwè se sèlman lè yon moun konvèti ak pwòp volonte-l ki fè-l sove, Legliz de Dye pa ni batize e ni li pa wè-l nesèsè pou yo batize timoun piti. Nou konfyan sila a ki pako rive nan stad pou yo rann kont pou zak yo fè, yo ansekirite nan gras Bondye (Ròm 7:7-12). Okontrè, nou kwè timoun resevwa benediksyon nan kominyon-k genyen lakay paran kretyen ki responsab yo epi ak nan Legliz la. Responsabilite sa a aseptab epi li gen anpil siyifikasyon nan sèvis prezantasyon timoun yo otanp pou Bondye ka beni yo.

Nou kwè batèm nan pa ka sove moun.

Pòl di nou konsa: “Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Senyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè-l leve soti vivan pami mò yo, wa sove. Paske, lè yon moun gen konfyans tout bon nan kè-l, se lè sa a Bondye fè-l gras. Lè yon moun deklare ak bouch li devan tout moun li gen konfyans nan Bondye, se lè sa a Bondye delivre li” (Ròm 10:9, 10). Pwiske se kwè nan Kris la ki se sèl kondisyon pou yon moun sove, konsa nou wè batèm nan kòm yon temwayaj piblik de gras yon kwayan te deja resevwa a. Kòm nap swiv egzanp Kris la ak ansèyman-l, nou ankouraje chak kwayan pou-l batize kòm yon ak dobevisans li e kòm temwayaj li.

Nou kwe se pa batèm nan kap fè yon moun sove. Se aksepte Kris kòm Sovè ak Senyè selma ki nesèsè pou sali a epi se sa tou ki fè yon moun vin fè pati Legliz la. Sou baz sa a, nou aksepte kwayan yo kòm manm legliz menm lè yo poko batize.

Nou kwè fòm bibliik batèm nan se plonje (moun) anba dlo.

Matye fè-n konnen ministè Jan Batis se te fè moun yo “konfese peche yo devan tout moun. Apre sa, Jan Batis te batize yo *nan* larivyè Jouden an” (Matye 3:6). Matye ak Mak pale sou batèm Jezi a konsa: “Fini Jan fin batize-l, Jezi soti nan dlo a “ (Matye 3:16), epi “antan Jezi tap *soti nan dlo a . . .*” (Mak 1:10). Lè Filip tap batize ofisye peyi Letyopi a, “Filip desann nan dlo a ansanm ak gwo chèf la epi Filip te batize-l.” Pawòl la fini pou-l di: “*Yo soti nan dlo a*” (Travay 8:38, 39).

Pa gen lòt fòm batèm ankò ki korespon ak anseyman Nouvo Testaman an e ni pa gen yon lòt fòm ki ka montre kisa lafwa kreyen an ye. Labib di nou se batèm pa imèsyon an, sètadi plonje moun anba dlo, Jan Batis ak Apòt yo te konn pratike. Eksplikasyon Pòl bay sou batèm nan montre byen klè se batèm pa imèsyon an nou dwe pratike. Nan Ròm 6:4 Pòl di: “Se sak fè, avèk batèm nou an nou te antere ansanm avè-l, nou te mouri ansanm avè-l tou. Men, Menm jan Papa a te fè-l leve soti nan lanmò avèk gwo fòs pouvwa li, konsa tou nou menm nou ka mennen yon lòt lavi.”

LAVMAN DÈ PYE

Nou kwè nan òdonans lavman dè pye a kòm yon selebrasyon enkanasyon an.

Òdonans sa a fè-n sonje Jezikri se Pawòl la ki te tounen yon moun tankou nou menm pou-l te ka viv nan mitan nou (Jan 1:14). Filip 2:7 e 8 di konsa: “Okontrè, se li menm pou tèt pa-l ki chwazi mete sa sou kote. Li te pito tounen yon domestik. Li pran fòm yon moun, li vin tankou tout moun. Li rabese tèt li. Tankou yon moun, li soumèt devan Bondye. Li obeyi Bondye jouk li rive asepte mouri sou kwa a.” Lè Jan tap eksplike sa-ka te pase nan chanm wo a, li te pale sou enkanasyon an konsa: “Jezu te konnen pou tèt pa-l li te soti nan Bondye, epi li tap tounen jwenn Bondye ankò. Li te konnen Papa a te ba li pouvwa sou tout bagay. Li te leve sot devan tab la, li wete gwo rad li a, li pran yon sèvyèt, li mare-l nan ren li” (Jan 13:3, 4).

Òdonans sa a fè-n konprann kòman-l te abandone tout glwa li te genyen nan syèl la pou-l te ka vin yon moun tankou-n ak volonte-l pou-l te ka pran fòm yon sèvitè.

Nou kwè sèvis lavman dè pye a fè-n sonje apèl nou pou-n vin sèvitè.

Kòm kretyen, nou aple pou-n vin sèvitè tankou Senyè nou an. Avèk òdonans sa a, nou montre ke lavi Kretyan se yon lavi de sèvis. Jezu te montre sa byen klè nan chanm wo a lè li te lave pye disip li yo. Nan Jan 13:12-16 nou li: “Lè-l fin lave pye yo tout, Jezu mete gwo rad la sou li ankò, li tounen nan plas li bò tab la, epi li di yo: ‘Eske nou konprann sa-m sot fè la a? Nou rele-m Mèt, nou rele-m Senyè. Nou gen rezon, se sa-m ye vre. Si mwen menm ki Senyè, mwen menm ki Mèt, mwen lave pye nou, konsa tou, nou menm, se pou nou youn lave pye lòt. Mwen ban ou yon egzanp pou nou ka fè menm bagay mwen te fè pou nou an. Sa map di nou la a, se vre wi: yon domestik pa janm pi grannèg pase mèt li. Moun yo voye a pa janm pi grannèg pase moun ki voye-la.’”

Disip Jezu te moun ki te gen gwo lanbi sou pozisyon ak otorite epi ki te bay grandè, ran sosyal ak otorite anpil valè. Jezu te di yo konsa: “Men, se pa konsa pou sa fèt nan mitan nou. Okontrè, si youn nan nou ta vle vin grannèg, se pou-l sèvi nou tout. Si youn nan nou ta vle chèf, se pou-l esklav nou tout. Paske, mwen menm, moun Bondye voye nan lachè a, mwen pa vini pou moun rann mwen sèvis, men mwen vini pou-m rann moun sèvis. Wi, mwen vin bay lavi-m pou peye delivrans anpil moun” (Mak 10:43-45).

Nan Legliz de Dye lavil Filip la, Evodi ak Sentich te gen menm vye lanbisyon sa a disip yo te genyen an (Filip 4:2). Se nan sans sa Pòl te bay legliz la konsèy sa a: “Pa fè anyen nan lide pou fè tèt nou pase pou pi bon, ni pou fè lwanj tèt nou. Men, soumèt nou devan Bondye. Mete nan tèt nou lòt yo pi bon pase nou . . . se pou nou youn gen pou lòt menm santiman ki te nan Jezu, Kris la” (Filip 2:3, 5). Lè-n gen lespri Jezikri a nan nou menm nou vin sanble ak Sovè nou an ki te “imilye-l e ki te pran fòm yon sèvitè” (Filip 2:7).

Kèlkeswa pozisyon nou nan sosyete a, lave pye youn lòt dwe fè kretyen yo sonje apèl yo pou yo sèvi lòt yo tankou pwòp frè yo ak pwòp sè yo ki egal ak yo nan Kris.

Nou kwè òdonans sa a se yon fason pou-n montre lanmou nou youn genyen pou lòt.

Jan, ki tap pale sou Jezu nan chanm wo a lè Jezu tap pare-l pou-l t-al lave pye disip li yo, te di konsa: “Li pat manke renmen pa-l yo ki te nan lemond. Li te renmen yo nèt ale” (Jan 13:1). Jida ki te nonm ki te tronpe ak trayi Jezu a te konte pami “moun pa-l” sa

yo ke li renmen “nèt ale a.”

Aprè Jezi te fin lave pye disip li yo, li te ba yo nouvo kòmandman sa a: “Se pou nou youn renmen lòt. Wi, se pou nou youn renmen lòt menm jan mwen renmen nou an. Si nou youn renmen lòt, lè sa a tout moun va konnen se disip mwen nou ye” (Jan 13:34, 35). Kisa ki pi enpòtan nan lavi ak byennèt Legliz la pase lè kretyen yo renmen youn lòt tout bon vre?

Nou kwè òdonans sa a fè-n sonje se pou-n ede lòt yo pou lòt yo ka ede-n tou.

Lavi kretyen an se yon pelerinaj li ye. “Paske nou pa gen sou latè yon lavil ki la pou tout tan. Nap chache lavil ki gen pou vini an” (Ebre 13:14). Pandan nap travay pou-n ale nan vil selès la, nou bezwen youn lòt epi nou gen privilèj ak responsabilite tou pou-n rann youn lòt sèvis. Galasi 6:2 di: “Se pou nou youn ede lòt pote chay yo. Se konsa na obeyi lalwa Kris la”. Menm jan an tou se pou-n kite lòt yo ede nou pote fado nou yo tou. Kèk fwa nou wè nan Legliz li pi fasil pou-n sèvi lòt yo olye pou-n kite lòt yo sèvi nou pito.

Nan lavi a nou konn fè moun mal e lòt moun konn fè nou mal tou. Kèk fwa nou konn pran echèk e kèk fwa tou nou konn viktim akòz move sò lòt moun. Menm jan nou bezwen pou lòt moun padone nou se pou nou padone yo tou, menm jan nou dwe sèvi lòt yo nou bezwen pou lòt sèvi nou tou. Nou tout aple pou-n tankou Kris yon anvè lòt. Òdonans sa a fè-n sonje jan nou dwe kontinye travay nou kòm kretyen, ki se yon travay ki la pou-n bay epi pou-n resevwa tou. Òdonans sa a se yon bèl senbòl ki montre-n ki jan pou nou youn pran swen lòt.

Nou kwè òdonans sa a ede-n prepare tèt nou pou lakominyon.

An jeneral òdonans lavman dè pye a mache ansanm avèk Lakominyon. Li ka ede nou byen prepare-n pou-n vin bò tab Senyè a nan yon vrè kominyon ak Bondye e ak tout lòt frè e sè nou yo nan Kris. Jezi di nou konsa: “Lè wap mete ofrann ou sou lotèl la bay Bondye, epi antan ou la devan lotèl la, ou sonje frè ou gen kont ou, men sa pou ou fè: kite ofrann lan la devan lotèl la ale byen ak frè ou la anvan. Apre sa, wa tounen vin bay Bondye ofrann ou a” (Matye 5:23, 24).

Pwiske pa gen yon lè espesyal pou-n pran la lakominyon, òdonans lavman dè pye a ka fèt menm lè pa gen lasentsèn. Nenpòt lè nou observe òdonans lavman dè pye, nou kapab sonje enkanasyon an; nou kapab sonje lavi Kretyan se yon lavi sèvis; nou kapab sonje jan nou dwe gen amou yon anve lòt; e nou kapab sonje nou dwe ran lòt moun sèvis e nou dwe kite lòt moun rann nou sèvis.

SENTSÈN (ou KOMINYON)

Nou kwè nan òdonans Sentsèn nan kòm yon selebrasyon redanmsyon nou.

Sentsèn nan rele tou: Lasèn, Lasentsèn, Kominyon ou Lakominyon. Se Jezi ki te fonde-l nan laswere lavèy jou yo te krisifye-l la, pandan yo tap fete Fèt Pak la (Lik 22:11-15). Fèt Pak la fè-n sonje delivrans pèp Izrayèl la anba esklavaj nan peyi Lejip (Ejip). Egzòd 12:42 di: “Se te yon jou lannwit, Senyè a te pase tout nwit la ap veye pou fè yo soti kite peyi Lejip la. Se poutèt sa, se pou yo mete nwit sa a apa pou yo fè veye pou Senyè a. Se yon bagay pou yo toujou fè de pitit an pitit.” Pou kretyen an, Kominyon an selebre travay redanmsyon Kris la nan tablisman nouvo kontra a. 1 Korent 5:7 di konsa: “Wete vye ledven peche a pou nou ka tounen yon lòt kalite moun. Lè sa a, na tankou yon pat ki fèk bat, san ledven ladan li. Pou di vre, se sa menm nou ye deja. Paske delivrans nou, se Kris la menm. Yo ofri-l bay Bondye pou nou deja tankou ti mouton yo konn touye lè fèt la.”

Nou kwè òdonans sa a fè-n sonje Kris te mouri pou-l te ka sove nou.

Nou jwenn istwa Sentsèn nan ekri nan twa (3) levanjil: Matye 26:26-29; Mak 14:22-25; Lik 22:15-20. Pasaj sa yo fè-n konnen pen an reprezante kò Kris la ke yo te krisifye a.

Diven an disip yo te bwè a senbolize san Jezi a ki te koule pou peche lèzòm. Selon Ebre 9:22, “Si san pa koule, nan pwen padon pou peche yo.”

Lè kretyen yo resevwa pen an ak koup la, sa fè yo sonje peche yo padone paske Kris te mouri pou yo. Kominyon an se yon ak obeyisans li ye. Jezi te di: “Sa a se kò mwen ki te mouri pou nou: se pou nou fè sa pou nou ka sonje mwen . . . Koup sa a se nouvo kontra Bondye fè avèk nou nan san mwen. Se pou nou fè sa chak fwa nap bwè ladan-l pou nou ka sonje mwen” (1 Korent 11:24, 25).

Kòm kretyen yo toujou ap tann retou Kris la, se konsa yap prepare chemen retou-l la pandan yap kontinye pwoklame lanmò-l chak fwa yap pran Lakominyon. Nou wè sa nan 1 Korent 11:26 ki di: “Se konsa chak fwa nap manje pen sa a, chak fwa nap bwè nan gode sa a, se lanmò Kris la nap anonse jouk jou Senyè a gen pou-l vini an”.

Nou kwè Sentsèn nan se yon pwoklamasyon espwa nou genyen an.

Kretyen yo kwè Kris gen pou-l retounen vin chache tout moun kap sèvi-l yo, Legliz la (1 Tesalonik 4:16-18). Lè nap manje pen an ak lè nap bwè diven an, nan moman Lakominyon an, nou menm pèp Bondye a nap temwaye ke “nap tann benediksyon li te pwomèt nou yo, lè bèl pouvwa Jezikri a, Bondye nou ak Delivrans nou, va parèt. Li te asepte mouri pou nou pou li te ka delivre nou anba mechanste, pou li te fè nou tounen yon pèp ki nan kondisyon pou sèvi li, ki rele li pa li, epi ki toujou pare pou fè sa ki byen” (Tit 2:13, 14).

Nou kwè Kominyon an la pou tout Kretyen.

Pou yon moun ka patisipe nan òdonans sa a fòk li gen yon relasyon pèsònèl ak Jezikri. Nenpòt moun ki aksepte Jezi kòm Sovè-l, se moun sa a ki kalifye e ki envite pou-l patisipe nan òdonans sa a. Yo dwe toujou bay Lasentsèn nan yon fason ki korèk epi ak nan bon jan lòd. Yo pa dwe pran-l konsa konsa e ni yo pa dwe pratike-l san respè.

Labib di sa byen klè yon moun ka patisipe nan Lakominyon an sèlman apre-l fin byen

egzamine tèt li byen anvan. “Se konsa ya mèt manje pen sa a, ya mèt bwè nan gode sa a” (1 Korent 11:28). Egzaminasyon tèt nou an dwe makonnen ak konsekstasyon nou a Jezikri, pou-n pran konsyans de sa-l te fè sou lakwa a epi ak gen bon jan respè pou kò li (1 Korent 11:17-32).

Kominyon an pa yon senp seremoni. Se yon okazyon pou nou fe tet nou yon sel ak Kris e ak ko li, ki se Legliz. Nan 1 Korent 10:16 e 17 li di konsa: “Gode benediksyon nap bwè a, lè nou fin di Bondye mèsè pou li, eske se pa san Kris la nap separe bay tout moun? Pen nou kase a, lè nap manje-l, eske se pa kò Kris la nap separe bay tout moun? Se yon sèl pen ki genyen, pa vre? Nou menm tou, nou te mèt anpil, nou fè yon sèl kò, paske se yon sèl pen an nou separe bay tout moun.”

PREZANTASYON TIMOUN O TANP POU BONDYE KA BENI YO

Nou kwè nan prezantasyon timoun yo o tanp pou Bondye ka beni yo.

Nan sèvis sa a, nou mete timoun yo apa pou Bondye. Kongregasyon an ansanm avèk paran yo angaje yo pou yo fè edikasyon kretyèn timoun yo.

Nou kwè timoun yo se kado Bondye yo ye.

Nan Jenèz 33:5 nou li: “Lè Ezawou voye je-l gade, li wè medam yo ak timoun yo. Li di: ‘Ki moun sa yo ki avè ou la a?’ Jakòb reponn li: ‘Tout se pitit Senyè a bay nèg pa ou la.’” Samyèl te yon gran jij e li te yon pwofèt tou. Yo te konsakre-l bay Bondye menm anvan li potko fèt. Apre Samyèl te fin sevre, Ana te di: “Mwen te mande-l pou-l te ban mwen pitit gason sa a. Li ban mwen sa-m te mande-l la. Se konsa m-vin mete-l apa pou-l ka viv pou Senyè a ase jouk li mouri” (1 Samyèl 1:27, 28).

Nou kwè timoun yo fè pati kominote kretyen an.

Timoun ki fèt nan fanmi kretyen yo benefisye lanmou Bondye a nan bon jan swen paran kretyen yo ak Legliz la ba yo. Sèvis prezantasyon an rekonèt ti moun fe pati nan fanmi Bondye a.

Nou kwè paran yo responsab pou nourri timoun yo spirityèlman.

Pwovèb 22:6 di konsa: “Bay yon timoun prensip li dwe swiv. Jouk li mouri, li pap janm bliye-l.” Nouvo Testaman an òdone paran yo pou yo disipline timoun yo ak bay yo enstriksyon kretyen (Efèz 6:4). Atravè tout Labib, pèp Bondye a òdone pou yo nourri timoun yo epi enstwi yo ak pawòl epi ak egzanp. Detewonòm 4:9 di: “Sèlman, veye kò nou! Atansyon pou nou pa janm bliye bagay nou te wè ak pwòp je nou, pou nou pa janm wete yo nan lide nou pandan tout lavi nou. Okontrè, se pou nou montre pitit nou ak pitit pitit nou yo tout bagay sa yo” (Gade tou Detewonòm 6:5-7).

Nou kwè kongregasyon an gen responsabilite pa-l pou-l nourri spirityèlman timoun yo yo te prezante bay Bondye pou-l ka beni an.

Menm jan timoun yo bezwen jwenn bon jan relasyon lakay yo, se konsa tou yo bezwen jwenn bon jan relasyon nan mitan fanmi Bondye a. Ni paran yo e ni timoun yo, yo toudè bezwen yon nouriti konsa tou. Sa mande fòk gen chans pou yo jwenn divès kalite edikasyon ak bon jan ankourajman anndan legliz la. Nan Ebre 10:25 nou li: “Pa pran egzanp sou moun ki pran abitud pa vin nan reyisyon nou yo. Okontrè, se pou youn ankouraje lòt fè sa koulye a pi plis pase anvan, paske nou wè jou Senyè a ap pwoche.” Manm kongregasyon an dwe sèvi kòm modèl pou paran yo ak pou timoun yo pou yo ka montre yo sa sa vle di yon kretyen.

Nou kwè nou dwe swiv Jezi nan travay nou ak timoun yo.

Matye 19:13 e 14 di konsa: “Lè sa a, yo mennen kèk timoun piti bay Jezi pou-l te mete men-l sou tèt yo, pou-l te lapriyé pou yo. Men, disip yo tap di moun yo pa fè sa. Jezi di yo: ‘Kite timoun yo vin jwenn mwen non. Pa enpoze yo vini. Paske, peyi Wa ki nan syèl la, se pou tout moun ki tankou timoun sa yo li ye.’” Jezi te montre apresyasyon-l ak sousi-l pou timoun yo. Legliz la dwe fè menm bagay sa a tou.

MINISTÈ REKONSILYASYON AN AK JAN POU-N VIV TOUT BON AN

Nou kwè lafwa gen pwisans pou-l fè-n jwenn gerizon nan tout totalite nou.

Konsèp bibliik gerizon an se yon gerizon total kapital, sètadi li spirityèl, li emosyonèl, li fizik (ou li pou kò a), li mantal epi li sosyal.

Misyon Kris la se te pou-l te pote gerizon total sa a bay lemond tout antye. Nan lavi li, nan lanmò li ak nan rezireksyon li, li te akonpli plan Bondye te genyen pou-l rebay lavi ak pou-l sove limanite. Avèk lafwa nan Kris, na jwenn gerizon spirituyel sa ki geri kè nou ki kase akoz peche. Sa ban nou libète pou-n pataje lavi-n avèk lòt yo, pou-n padone tou sak te pase deja epi pou-n fè lòt yo konnen lafwa sa a ki gen pwisans pou-l geri yo a. Souvan, jan de gerizon sa a ki fèt nan nanm moun nan konn geri kò-l tou.

Dezi Bondye pou nou se pou tout kò nou, tout lespri nou ak tout nanm nou rete djanm (1 Tesalonik 5:23). Menm lè pwoblèm nou yo pa soti nan Bondye, men li konn kite yo rive-n e pafwa li konn sèvi ak yo nan divès fason pou pwòp glwa pa-l (Jan 11:1-4), oubyen pou-l montre pwisans li (2 Korent 12:7-10), oubyen pou-l pèmèt nou konprann soufrans lòt yo, konsa pou-n ka konsole yo ak ankouraje yo (2 Korent 1:1-3). Nan Ansyen Testaman an, nou wè Bondye kòm sila a ki toujou vle bay lagerizon (Egzòd 23:25, 26). Konsa, gerizon an te makònen ansanm avèk konfesyon peche epi ak yon dezi pou-n obeyi kòmandman Bondye yo.

Nou jwenn omwen 26 pasaj nan Nouvo Testaman an ki pale sou pwisans gerizon Jezi genyen an. Bezwen fizik, mantal, sosyal ak emosyonèl pèp la te konsène-l anpil. Li te kòmande disip li yo pou yo ale, pou yo geri ak pou yo preche levanjil la (Lik 10:9). Sante kò a marye ak sante lespri a (Jan 5:14). Lamedsin modèn konfime ke sante kò a ak sante lespri a se de (2) gagay ki makònen ansanm.

Nou kwè sous tout soufrans lèzòm ap andire yo kòmanse depi lè lòm te tonbe nan peche a.

Se Satan ki lakoz peche antre nan lemond. Ansanm ak peche, maladi ak lamò te antre tou. Orijin peche a pat soti nan Bondye, men se nan Satan avèk lòm li te soti. Satan toujou kontinye ap sèvi ak soufrans pou-l reyalize plan li yo (2 Korent 12:7). Pòl eksplike rezilta kondisyon sa a tankou se “tout kreyasyon an kap plenn” (Ròm 8:22). Nou fè pati de kreyasyon sa a tou.

Nou kwè maladi ak soufrans pa reyèlman rezilta peche moun kap souffri a.

Disip yo te poze kesyon sa a nan Jan 9:1 e 2. Jezi te reponn yo se pa peche ni nèg la ni paran-l ki fè-l avèg la. Pafwa se relasyon seksyèl, pran dwòg, viv kote ki pa gen liyèn ak mal manje ki lakoz maladi ak soufrans. Bagay sa yo kapab byen se fot viktim nan oubyen fot paran-l. Menm lè kèk nan koz sa yo, tankou domaj kèk viris ak kèk pwodwi chimik ka koze nan kò nou, yo toulède ni sak bay maladi a ak ni moun kap souffri a kapab byen inosan.

Menm lè maladi ak soufrans kapab byen se rezilta yon peche ki byen espesifik (Jan 5:10-15; 1 Korent 11:29, 30), men nou pa dwe konsidere peche a tankou-l se vrè koz la (Jan 9:3, 4; Travay 3:1-9).

Nou kwè Bondye gen pouvwa pou-l geri tout maladi ak pou-l mete tout sikonstans anba volonte-l.

Pouvwa Bondye a manifeste nan konesans ak entelijans li bay moun kap travay nan zafè lasante. Kèkfwa, gerizon an se yon bagay ki ineksplikab, sèlman se mirak Bondye li ye. Gen kèk sityasyon tou kote se pwisans Lespri Bondye a ki ede-n nan kanpe djamn anba sikonstans nou yo.

Gerizon an pi plis pase sak fèt nan kò fizik la. Pwiske nou konnen lavi nan lemond sa pap dire tout tan, nou konnen gen yon eritaj kap tann nou nan syèl la (Ròm 14:8; Filip 3:10, 11). Sa fe nou konpren kek fwa lanmò kapab byen se yon gerizon pafè.

Nou kwe Bondye tande ak reponn lapriyè (Jan 15:7), men li konn pa toujou nan plan-l pou-l geri kò a totalman. Pouvwa Bondye pou-l geri ak dezi-l pou-l bay lagerizon pa menm (2 Korènt 12:7-10). Gerizon fizik kò a pa nesèsman depann de kantite lafwa yon moun genyen. Nou pa kapab di tou se lafwa nou manke lakay nou ki fè nou pa ka jwenn gerizon.

Nou kwè Legliz la se yon mwayen pou manifeste gras Bondye nan gerizon an.

Bondye te bay Legliz la misyon pou-l chanje lavi moun avèk Pawòl la, ak swen-l ba yo epi ak lanmou li gen pou yo. Yon Legliz ki gen renmen lakay li dwe renmen Bondye li a dabò; epi li dwe pataje lanmou sa a avèk lemond pou-l ka vin yon kò Kris itilize pou-l bay lagerizon.

Lè yon moun vin kretyen ak lè li fè pati Legliz Bondye a, sa fè-l jwenn sante pou emosyon-l. Sante sa a anrasinen nan libète sali a ba li a. Yon pa enpòtan nan gerizon emosyonèl la sèke Legliz la dwe aksepte sila yo ki gen pwoblèm ak lavi yo. Li dwe aksepte tout moun jan yo ye a. Legliz la dwe ofri amou-l, li dwe gen bon jan relasyon anndan-l ak se pou-l mèt tan apa pou-l koute tou. Se avèk konsèy e se avèk sousi kò Kris la genyen youn pou lòt ak pou sila yo ki deyò kò a kap souffri kap fè gerizon emosyonèl la rive fèt. Tande yon moun avèk yon kè ki genyen konpreyansyon ladan-l se pi gwo kado pafwa pèp Bondye a kapab bay.

Lapriyè pou lòt yo se yon aspè enpòtan nan ministè Legliz la. Lè Legliz la met tèt li ansanm pou-l priye pou bezwen youn lòt, pwisans Bondye manifeste nan mitan-l. Inite kò a kreye yon lyen ki bay lespwa, ankourajman ak ki fè youn pote fado lòt.

Lapriyè ki fèt avèk lafwa kapab pote gerizon. Nan Travay 28:8 nou wè Pòl, “apre li te fin lapriyè, li te mete men-l sou tèt li (papa Pipblyis) epi li te geri li.” Pou kretyen kap priye pou malad yo dwe gen bon jan relasyon avèk Bondye epi avèk lòt yo tou; yo dwe gen dezi tou pou bay Bondye glwa nan gerizon nan te mande a epi yo dwe soumèt yo volontèman avèk lafwa devan Bondye ki plen sajès, pouvwa ak konpasyon.

Onksyon avèk lwil se yon metòd bibliik yo itilize lè yap priye pou sila yo ki bezwen lagerizon. Selon Jak 5:14, se moun ki bezwen geri a ki dwe mande onksyon avèk lwil nan. Ansyen yo ak pastè legliz la dwe patisipe nan “sèvis onksyon” sa a epi se pou yo rekonèt se mande yap mande Bondye pou volonte-l fèt ak pou-n aksepte volonte sa a. Nou konprann lwil la senbolize Sentespri a. Lwil la poukont pa-l pa gen okenn pwisans pou bay lagerizon e ni men sila yo kap priye yo epi kap pase lwil la pa ka bay lagerizon tou. Se lapriyè ki fèt avèk lafwa ki fè-n rive devan Bondye nan soumision pou volonte li ka fèt nan lavi nou.

Lapriyè prepare malad la pou-l aksepte gerizon pou tout lavi li nèt. Bondye dirije sila yo li itilize kòm enstriman li pou-l bay lagerizon an. Lapriye prepare moun pou yo resevwa pwisans Bondy nan lavi li pou travay nan li.

Le nou priye ak lafwa, nou kapab gen asirans ke nou bon net (Matye 21:22) menm lè

pa ta gen prèv immedyatman pou montre sa. Lafwa tou fè nou rekonèt gerizon tout bon an va fèt lè nou menm ki kretyen nou va kite vye kò konwonpi sa a pou-l al jwenn Bondye pou letènite (Revelasyon 21:4).

MINISTÈ KRETYEN YO NAN MOND LA

Nou kwè kretyen yo dwe aji tankou sèvitè nan relasyon yo ak Bondye e ak lòt yo.

Jezi te defini pwòp ministè li ak pawòl pwofèt Ezayi te di a: “Lespri Bondye a sou mwen. Li chwazi-m pou-m anonse bòn nouvèl la bay pòv yo . . . pou-m fè tout prizonye yo konnen yo lage, pou-m fè tout avèg yo konnen yo kapab wè ankò, pou-m delivre moun yap maltrete yo, pou-m fè yo konnen lè a rive pou Bondye vin delivre pèp li a” (Lik 4:18, 19). Sa se misyon pa nou li ye tou.

Jezi te chwazi egzanp yon sèvitè pou-l te ka montre jan moun kap swiv li yo dwe viv. Mo grèk ki te itilize a se “dyakonòs” ki siyifi “sèvitè oubyen “minis”. Se nan mo sa a mo “dyak” la soti tou.

Jezi poukont pa-l te bay egzanp sa a tou nan fason li te obeyi Bondye a. Li te fè disip li yo sonje: “si youn nan nou ta vle vin grannèg, se pou-l sèvi nou tout; si youn moun nan nou ta vle vin chèf, se pou-l esklav nou tout. Se konsa, mwen menm moun Bondye voye nan lachè a, mwen pa vini pou moun rann mwen sèvis, men mwen vini pou mwen rann moun sèvis. Wi, mwen vin bay lavi-m pou peye delivrans anpil moun” (Matye 20:26-28). Lè Kris tap lave pye disip li yo nan chanm wo a, li te di yo konsa: “yon domestik pa janm pi grannèg pase mèt li. Moun yo voye a pa janm pi grannèg pase moun ki voye-la” (Jan 13:16).

Nan tan legliz primitiv, yo te konn chwazi plizyè moun tankou pwofesè, predikatè, apot ak dyak epi yo te konn mete moun sa yo apa pou yo fè travay espesyal. Chak moun te gen ministè pa-l dapre don Sentespri a te ba li. Pat gen youn nan travay sa yo ki pat enpòtan. Kris te di konsa tout sa nou fè pou youn nan frè li yo ki pi piti a, se pou li nou fè-l (Matye 25:34-40). Jan de sèvis sa yo se pou sila yo ki gen bezwen fizik, sosyal ak spirityèl li ye. Jak te di si moun kap sèvi a pa fè zèv, lafwa li genyen an mouri (Jak 2:14-18).

Yon travay espesyal tout kretyen gen nan men yo pou yo fè se travay rekonsilyasyon an. Rezon ki te fè Kris te vini an se te pou-l te ka rekonsilye mond la ak Bondye epi rekonsilye moun ak yon lòt moun. Nou responsab pou-n kontinye fè travay sa a Kris te vin fè a tankou yon bann moun ki la pou fè rekonsilyasyon (2 Korent 5:18, 19).

Nan Lik 10:26-37, Jezi te montre enpòtans ansèyman Ansyen Testaman an te bay lè-l te di: “Pou nou renmen vwazen nou yo tankou pwòp tèt nou” (Levitik 19:18). Pòl tou te konsidere sa tankou yon rezime tout kòmandman yo ki pale sou relasyon ki dwe genyen ant lèzòm (Ròm 13:8-10).

Travay sèvitè a gen ladan-l tou responsabilite anvè lòt yo tou. Pòl te di pafwa li nesèsè pou-n chanje aksyon nou yo akòz sila yo ki pi fèb pase nou (1 Korent 10:23-33). Pyè egzòte nou pou-n sèvi avèk libète nou genyen an kòm kretyen avèk prekosyon (1 Pyè 2:13-17).

Nou kwè premye devwa kretyen yo genyen se pou yo preche Bòn Nouvèl la.

Nou kwe nan sasèdòs kwayan an. Tout kretyan benefisyè avantaj kom pret. Yo kapab e yo dwe entèsede pou lòt yo ak pou tèt pa yo devan Bondye nan non Jezikri, Granmèt yo a. Kris te fè-n vin “prèt pou-n sèvi Bondye Papa li” (Revelasyon 1:6). Tout pèp Bondye yo, sètadi layik angaje yo ak klèje yo, gen dwa ak responsabilite pou fè travay Bondye a; se pou-n sonje se “anbasadè Kris nou ye, Bondye sèvi avèk nou pou-n ka pwoklame Bòn Nouvèl li a” (2 Korent 5:20).

Kòm anwaye espesyal Bondye, nou se reprezantan wayòm Bondye a e nou se mesaje Bòn Nouvèl la ki di: “Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li pap pèdi lavi yo. Okontrè ya gen lavi ki pap janm fini an” (Jan 3:16). Konpasyon Jezi genyen an bay lèzòm yon chans pou yo jwenn lavi ki tounèf la. Nou dwe “fè tout moun konnen bèl bagay Bondye te fè yo, Bondye ki te rele nou soti nan fènwa a pou nou antre nan bèl limyè li a” (1 Pyè 2:9).

Nou dwe temwaye pou Kris ak pawòl kap soti nan bouch nou e ak chak aksyon nou poze nan lavi nou pou montre ke Kris ap viv nan nou e lap travay nan nou (Filip 2:15; Kolòs 3:17). Tout sa nap fè dwe fèt yon fason pou-n akonpli Gran Komisyon an (Matye 28:19, 20).

Bondye te kreye chak moun nan resanblans li. Paske “nou menm tou, nan tan lontan, nou te tankou moun fou, nou pat obeyi Bondye, e nou tap fè tout sa ki mal . . . nou te esklav tout kalite dezi ak plezi” (Tit 3:3). Nou pa kondane sila yo ki poko gen nouvo vi. Nou dwe konsidere tout moun kom moun ki kapab vin kretyen yon jou (Jan 4:3-26). Nou dwe genyen yon atitid ki rayi peche pandan nou renmen pechè yo, antan nap chache bay yo enpòtans ak valè devan Bondye epi ankouraje yo pou yo abandone peche yo pou yo ka vin jwenn Kris.

Nou kwè kretyen yo gen yon responsabilite vizavi sosyete a.

Jezi te di moun kap swiv li yo dwe tankou “sèl pou sale la tè ak limyè pou klere mond la” (Matye 5:13-16). Pou yo kapab vrèman reflekte limyè Kris la nan mond la, kretyen yo dwe okouran tout sa kap pase nan sosyete a; yo dwe ankouraje devlopman tout sak bon kap ede sosyete a epi yo dwe denonse tou tout sak pa bon kap kraze sosyete a. Si pou bagay yo ranje nan yon peyi, fòk yo ka denonse peche peyi a ak echèk li yo. Sa se mesaj Bondye te bay pa pwofèt li yo.

Chak kretyen, chak kongregasyon lokal ak chak òganizasyon ki nan legliz la dwe lapriyè, pou konnen plas yo nan plan Bondye epi ak sa Kris ta vle-l pou-l fè. Fason Bondye ta kapab sèvi ak nou an li limite akoz nou manke imajinasyon epitou nou refize sèvi-l.

Nou kwè kretyen yo gen yon doub nasyonalite.

Pèp Bondye yo ap viv nan mond la, men yo pa dwe konfòme yo ak tandans mond la, ni ak dezi-l yo e ni patisipe nan move zak li yo (Jan 17:14). Yo resevwa lòd pou yo pa konfòme yo avèk mond sa a, men pou yo viv yon vi ki transfòme anlonè Kris la (Ròm 12:1, 2). 1 Jan 4:4 di: “Lespri ki nan nou an gen plis pouvwa pase lespri ki nan mond la.”

Antank kretyen, nou aple pou-n bon sitwayen nan peyi kote nou rete. Pòl, nan Ròm 13:1, ban nou konsèy sa a: “Tout moun dwe soumèt yo devan otorite kap gouvènènan peyi a, paske nanpwen otorite ki pa soti nan men Bondye, epi tout otorite ki la, se Bondye ki mete yo.”

Lè volonte sosyete a ak volonte Bondye pa tonbe dakò youn ak lòt e nou pa kap rezoud konfli sa, nou dwe fè tout sa-n kapab dan ladwati pou-n ka rive chanje vye lwa lèzòm yo. Si sa pa posib, tankou jan apot yo te konn fè-l la, se pou-n “obeyi Bondye pito pase lèzòm” (Travay 5:29). Sa tonbe dakò ak ansèyman Jezi a ki di konsa: “Bay Seza sak pou Seza a, e bay Bondye sak pou Bondye a” (Mak 12:17). Li kontinye pou-l di: “Nou pa bezwen pè moun ki kapab touye kò nou, men ki pa kapab touye nanm nou. Se

Bondye pou nou pè pito, paske li menm li kapab detwi nanm nou ansanm ak tout kò nou nan lanfè” (Matye 10:28). Dezobeyi otorite sivil yo se pa yon bagay nou dwe pran alalejè, men nou ka fè-l sèlman lè-l nesèsè pou-n ka obeyi Bondye pito.

Obeyi lwa Bondye yo ka mande pou-n aksepte pèsekisyon pou koz Kris la. Jezi te di konsa: “Si yon moun ba ou yon souflèt sou bò dwat, ba li bò goch la tou” (Matye 5:39). Soumisyon pa feblès. Jezi rele-n pou-n refilete bon jan kouraj li genyen an lè-l mande-n pou-n “renmen tout lenmi nou yo, lapriyè pou moun kap pèsekite nou yo” (Matye 5:44).

Pandan nap chache sèvi Bondye, prensip ki dwe gide nou an dwe yon prensip ki pèmèt lanmou Bondye a debòde soti nan nou pou-l al jwenn sosyete a. Nou dwe aji yon fason kap onore non Jezikri Senyè nou an.

DÈNYE TAN AN (ou DÈNYE EVENNMAN YO)

Nou kwè nan dezyèm retou ak dènye viktwa Jezikri a.

Nou jwenn kwayans sa a nan doktrin ki pale sou Dènye Evennman yo ki gen pou rive avan lafen dimond. Jodi a, anpil moun nan denominasyon nou an ki onèt e ki gen lafwa gen entèpretasyon diferan sou bagay ki gen pou rive nan Dènye Tan an. De (2) entèpretasyon ki pi dominan nan Legliz de Dye a se: premilenyalism ak amilenyalism.

Doktrin premilenyalism nan anseye ap gen anpil siy tankou: levangil la ap gentan fin preche nan tout nasyon yo, gran apostazi a (sètadi tan kote anpil kretyen va abandone lafwa yo akòz pèsekisyon), anlèvman kretyen yo ni sak gentan mouri yo ak ni sak ankò vivan yo va fèt, antekris la (sètadi moun ki kont Kris la) ap parèt epi gran tribilasyon an. Tout bagay sa yo ap gentan rive anvan Kris retounen. Apre tout bagay sa yo, Kris ap retounen epi lap tabli wayòm li sou latè pou milan (1000 an). Se sa yo rele milenyòm nan. Apre sa toujou, Satan pral alatèt yon gwo mouvman rebelyon; epi apre sa, Kris va genyen dènye batay la ki va make lafen dimond la.

Doktrin amilenyalism nan, bò kote pa-l, anseye lè Kris te mouri sou lakwa a ak lè-l te resisite a, Kris te ranpòte gwo vikwa-a sou peche, sou lanmò ak sou Satan. Pou amilenyalis yo, wayòm Bondye a se yon reyalite ki gentan prezan; e li se yon espwa ki gen pou-l vini tou. Peryòd ki la kounye a pral rive nan dènye limit li ak retou terib Kris la. Yo kwè tou anpil siy tankou: levangil la ap gentan fin preche nan tout nasyon yo, gran apostazi a ak gran tribilasyon an epi ak antekris la kap vini an. Tout bagay sa yo ap rive anvan dezyèm retou Kris la. Pwiske amilenyalis yo kwè anpil nan siy sa yo gentan rive, sa yap tann kounye a se retou Kris la, rezireksyon jeneral la ak anlèvman tout kretyen yo.

De (2) pwendevi sa yo diferan nan lòd, jan evennman sa yo gen pou rive a. Men sa yo gen an komen an fòm baz pwèn nou pral devlope sou Dènye Evennman yo ki gen pou rive anvan lafen dimond la.

Nou kwè Bondye ki gen tout pouvwa a pral mete fen nan listwa nan fason pa-l ak lè-l pi pito.

Misyon nou se pou-n kontinye bati Legliz Kris la sou latè pou jouk jou sa a rive, se pou-n angaje-n ak pou-n prepare moun pou lavi ki pap janm fini an avèk Bondye e ak pèp li a tou (Mak 13:33-37).

Jezi te avèti-n pou-n pa koute tout vye koze kap di sou lafen dimond la ak ni pou-n pa koute moun kap fikse dat pou jou sa a. Nan Matye 24:36 Jezi te di konsa: “Men pèsòn pa konnen ni ki jou, ni ki lè sa va rive, pa menm zanj yo ki nan syèl la, pa menm pitit la. Sèl Papa a konn sa” (gade tou Mak 13:32 ak Travay 1:7).

Nou kwè Labib pale sou tan ak sou evennman ki fè pati mouvman listwa a nan akonplisman plan Bondye yo.

Pou-l te ka rasire espwa moun kap swiv li yo, Jezi te fè yo konnen ap genyen plizyè siy kap montre li pa lwen pou-l vini. Ap genyen anpil fo Kris (Matye 24:5, 24). Ap genyen anpil lagè ak anpil rimè sou lagè (Matye 24:6). Levangil la ap gen pou-l preche toupatou sou latè (Matye 24:14; Mak 13:10). Ap genyen anpil boulvèsman nan lanati epi ap genyen anpil grangou ak maladi (Matye 24:7).

Siy sa yo ak anpil lòt gentan parèt deja nan divès peryòd ak sou divès kalite fòm pou

avèti nou e pou fè-n trè veyatif. Men, nou pa ka di egzakteman kilè Kris ap retounen an. Labib pa ba nou repons sou tout kesyon nou genyen yo sou Dènye Tan an. Li sèlman revele-n sa nou dwe konnen sou Bondye ak sou plan li genyen pou lemond. Li fè-n konnen ke nou bezwen sove e li fè-n konnen tou ki kalite lavi nou dwe mennen anba pouvwa Sentespri a ki abite nan nou an epi li ba nou asirans ak espwa lavi ki pap janm fini an.

Nou kwè mesaj sou lafen dimond la se youn nan viktwa ak yon akonplisman pou kretyen an epi se ap dènye triyonf wayòm Bondye a.

Pral genyen yon tribilasyon, men nou pa bezwen pè, paske gen viktwa nan gwo pwisans Kris la (Jan 16:33). Pawòl yo nan mond la pral gen konfizyon ladan yo, men Pawòl Bondye a se pawol ki sètèn (Lik 21:33). Nan Jezikri, Bondye pral mete fen nan tout bagay lè-l va gen “pouvwa pou gouvène sou latè a, kounye a se nan men Mèt nou an ak nan Kris li a sa ye. Lap gouvène pou tout tan” Revelasyon 11:15). Jistis pral reye (2 Pyè 3:13). Pap gen enpèfeksyon (Revelasyon 21:27). Pap gen fènwa (Revelasyon 22:5). Pap gen ni chagren, ni lapenn ak ni lanmò (Revelasyon 21:4). Bondye pral rete avèk pèp li a nan bèlte ak nan inite gran plan Bondye a (Revelasyon 21:3).

Nou kwè misyon pèp Bondye a genyen, jouk jou sa a rive, se pou-l sèl ak limyè nan mond la.

Gen travay pou nou fè pandan nap “tann benediksyon li te pwomèt nou yo, lè bèl pouvwa Jezikri, Bondye nou ak Delivrans nou, va parèt” (Tit 2:13). “Tout moun ki gen espwa sa a nan kè yo ap kenbe kò yo pou yo pa fè sa ki mal, tankou Jezikri te kenbe kò-l pou-l pat fè sa ki mal” (1 Jan 3:3). Pandan nap tann retou Kris la ak lafen tout bagay, sa pa dwe fè-n ap kalewès ni vire do-n bay lavi a e ni sa pa dwe fè-n abandone misyon nou kòm sèl ak limyè nan mond la (Matye 5:13-16).

Pyè te santi doulè pèp li yo tap santi nan yon moman kote te gen anpil troublay nan pelerinaj lavi kretyen yo. Li te konnen konsekans pèsekisyon an te gen sou yo, e se poutèt sa li te egzòte kretyen yo pou yo rete fidèl e byen fèm. Nan 2 Pyè 3:11-14, li te ankouraje yo avèk mo sa yo: “Si tout bagay gen pou disparèt konsa, nou pa bezwen mande ki kalite moun nou ye: se pou nou sèvi Bondye, se pou nou viv pou li ase. Konsa, pandan nap tann jou Bondye a, jou ki gen pou rive a, ann fè sa nou kapab pou nou fè-l rive pi vit toujou. Jou sa a, syèl la pral disparèt nan gwo flannm dife. Tout bagay pral fonn nan dife. Men nou menm, nap tann lòt syèl ak lòt tè Bondye te pwomèt la, kote se bagay ki dwat devan Bondye ase kap fèt. Se poutèt sa, frè-m yo, pandan nap tann bagay sa yo, ann fè sa nou kapab pou Bondye ka jwenn nou ap viv ak kè poze san okenn fot, ni okenn defo” (gade tou 2 Pyè 3:8-18). “Tout moun ki gen espwa sa a nan kè yo ap pirifye tèt yo, menm jan Bondye li menm li pi” (1 Jan 3:3).

Nou kwè nan rezireksyon kò kwayan yo.

Moun ki vivan yo e ki “nan Kris” pral rasanble bò kote-l lè-l va retounen nan tout viktwa-l. Menm jan Kris te leve soti nan mitan mò yo, “konsa li bay garanti tout moun ki mouri gen pou leve vivan ankò” (1 Korent 15:20). Mò an Kris yo va resisite tou pou yo al jwi eritaj kap tann yo a nan wayòm Bondye a. Se konsa nou va pataje ansanm nan pwomès lavi etènèl la. Men sa Pawòl la di sou sa: “Si espwa nou gen nan Kris la se sèlman pou lavi sa a li bon, nou se moun ki pi malere ki ta gen sou latè” (1 Korent 15:19).

Li di pi devan nan 1 Tesalonik 4:16 e 17: “Lè sa a, na tandè yon gwo lòd pase, na tandè vwa chèf zanj lan ansanm ak kout kleron Bondye a: epi Senyè a menm va desann sot nan syèl la. Moun ki te mete konfyans yo nan Kris la lè yo te mouri, se yo ki va leve soti vivan an premye. Apre sa, nou menm ki va vivan toujou lè sa a, yap vin pran nou, nou menm ansanm ak moun ki soti vivan nan lanmò yo, yap mete nou sou nwaj yo pou n-al kontre Senyè a anwo a. Konsa, nou tout nap toujou ansanm ak Senyè a.”

Se pa sèlman lespri nou kap resisite. Kò nou tou ap resisite, men lap transfòme. Nap gen yon lòt kò kap yon kò glorifye. 1 Korent 15:42-44 di konsa: “Se menm jan an sa pral ye lè moun ki mouri yo va leve soti vivan nan lanmò. Lè yo te antere kò a, se te yon kò ki te kapab pouri. Men, lè kò a va leve soti vivan nan lanmò, lap yon kò ki pap kapab pouri. Lè yo te antere-l, li te yon kò tou lèd, tou fèb. Men, lè li va leve vivan ankò, lap bèl, lap gen fòs. Lè yo te antere-l, li te yon kò ki fèt ak labou. Men, lè la leve vivan, lap tounen yon kò ki soti nan Lespri. Si gen yon kò ki fèt ak labou, fòk gen yon kò ki soti nan Lespri tou.” E sila yo ki va ankò vivan lè retou Kris la, yo va chanje tou. 1 Korent 15:53 di: “Paske, moun ki gen kò ki fèt pou pouri a, yo gen pou yo resevwa yon lòt kò ki pap ka pouri” (gade tou 1 Korent 15:52).

Se lè kò sa a resisite dènye pwomès Kris te fè nou an ap akonpli. Dapre 1 Korent 15:54: “Lè moun ki gen kò ki fèt pou pouri a va resevwa kò ki pap ka pouri ankò a, lè moun ki gen kò kap mouri a va resevwa kò ki pa ka mouri a, lè sa a, pawòl ki ekri nan liv la va rive vre: pa gen lanmò ankò, nou genyen batay la nèt.”

Nou kwè ap gen jijman tou lè Kris va retounen an.

Sa pral rive “lè Jezi va parèt nan syèl la avèk zanj li yo ki gen pouvwa. Lap parèt nan mitan gwo flanm dife pou pini tout moun ki pa konn Bondye yo ansanm ak moun ki pap mache dapre bòn nouvèl ki pale sou Jezi, Senyè nou an. Chatiman moun sa yo, se disparèt yap disparèt yo pou tout tan. Yap wete yo devan Senyè a, yap voye yo jete byen lwen pou yo pa janm resevwa pa yo nan pouvwa Senyè a ak nan lwanj yap fè pou li a. Jou sa a, Senyè va parèt pou-l resevwa lwanj nan men tout moun pa li yo. Tout moun ki te mete konfyans yo nan li va kontan wè-l. Nou menm tou na wè li, paske nou te kwè nan mesaj mwen te fè nou konnen an” (2 Tesalonik 1:7-10).

Jezi te resevwa pouvwa pou-l jije (Jan 5:22; Travay 17:31). Kèk nan jijman sa yo pase deja. Lè Kris te vini kòm limyè pou mond la, li te jije tenèb mond la. Kòm kretyen nou pap kondane paske nou te gentan jwenn padon lè-n te aksepte epi ak lè-n te kwè nan Kris la (Jan 3:18). Men ap gen yon jijman zev pou tout moun (Matye 16:27; 1 Korent 3:13-15).

Kretyen yo pa dwe pè jijman an. Okontrè, yo dwe akeyi-l paske sa va jistifisasyon final yo nan Senyè a (2 Tesalonik 1:10; 1 Korent 3:10-13). Bondye konnen lanmou nou pou li, li va trete nou avèk jistis. Nan Jenèz 18:25, nou jwenn: “Bondye kap jije tout moun sou tè a pa ka nan fè lenjistis.” Sali a ak valè kretyen an deja asire nan aksyon Bondye te poze a. 1 Jan 1:9 di: “Si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske lap fè sak gen pou fèt la: la padone tout peche nou yo, la netwaye nou anba tout sa ki mal.”

Mesaj sou Dènye Evennman yo ki gen pou rive a se yon apèl a yon espwa ki vivan. Sa ba-n ankourajman nan misyon nou epi li ba nou asirans dènye viktwa nou an nan Kris. Lè tout bagay va anba dominayon Kris nou va di Bondye mèsi, “li menm ki ban nou privilèj resevwa pòsyon pa nou an nan eritaj Bondye sere pou tout moun pa-l yo nan peyi

limyè a. Li rache nou anba pouvwa fènwa a, li fè nou antre nan peyi kote Pitit li renmen anpil la wa a” (Kolòs 1:12, 13).

DIKSYONÈ

Ti diksyonè sa a va pèmèt moun kap li liv Nou Kwè a li-l byen fasil.

Abite - Rete; demere; viv.

Abondan - Anpil, rich, yon pakèt.

Advan - Rive; Sezon avan Nowel pou prepare pou fet Nowel

Ajans Moral Lib, Ajans - Anmezi pou-n panse ak aji selon pwòp volonte nou. Nou lib pou-n chwazi ant sak bon ak sak mal nan lavi chak jou nou, nan relasyon nou ak lòt yo epi ak Bondye.

Akòde - Bay kòm kado.

Alyenasyon - Retire e detache de yon eta amikal ak separasyon apre te fin gen bon jan inyon; pèdi yon bon jan relasyon ki te egziste avan.

Amilenyalism - Yon gwo entèpretasyon Dènnye Evennman yo ki gen pou rive nan avan lafen dimond. Gade chapit ki sou Dènnye Tan an pou plis enfòmasyon.

Angajman - Yon ak kote nou bay yon bagay ki sot nan pwòp kòfrefò nou; makonen-n ak yon moun ou ak yon koz pa mwayen yon pwomès. Pran angajman nou pou-n sèvi Kris vle di dedye tèt nou totalman a kòmmandman e ak koz Kris yo pandan nou lage lavi nou nan men li.

Anlèyman - “Pote” kò a ou lespri a ale. Nan doktrin Premilyanizm nan, se retire Legliz la nan mond la avan dezyèm retou Kris la (1 Tesalonik 4:17).

Ansyen (yo) - Yon ofisye nan legliz la. Nan Legliz De Dye nou yo, ansyen an kapab yon moun yo chwazi pou dirije e se nan kongregasyon an menm yo seleksyone-l; oubyen se yon ansyen kap anseye, nòmalmman moun sa a se pastè a. Se yon pozisyon ki gen yon gwo responsabilite ladan-l ak otorite nan zafè gouvèman kongregasyon lokal la.

Ansyen Kontra - Yon seri de pwomès ant Bondye ak pèp li a atavè listwa Pèp Izrayèl la jan nou wè-l nan Ansyen Testaman, espesyalman nan Lwa Moyiz te bay yo.

Antekris - Yo rele moun sa tou “Nonm san lwa a.” Nan ansèyman sou Dènnye Tan an, Antekris la va paret nan kòmansman peryòd gran apostazi a ak grann tribilasyon an kòm pèsonifikasyon klimatik lespri antekris la ki te toujou prezan. Lespri sa a (e moun nan) pou tèt pa-l ap kontinye travay kont Levangil la ak lap eseye mete tèt li pi wo pase Bondye.

Anvwaye - Yon mesaj ou yon ajan yo voye pou akonpli yon devwa; yon mesaj ki genyen yon misyon byen detèmine pou-l akonpli; pa egzanp, yon anbasadè.

Apostazi - Abandonman sa yon moun te kwè anvan. Lennmi ak advèsè lafwa moun nan apre-l te fin gentan kwè nan ansèyman li yo.

Apot - Literalman, se “yon gwo tèt, yon moun de valè yo voye” an misyonm espesyal. Nan Nouvo Testaman an, nenpòt nan douz (12) premye disip yo ak Pòl e Matyas. Pòl kalifye “apot” la kòm yon don spirityèl.

Asansyon - Anlèyman kò a pou monte al nan syèl la. Kite tè a pou monte al nan syèl.

Asosyasyon - Yon gwoup moun ki gen menm enterè ak menm bi; yon sot de kamaradri ou klib kote moun pataje eksperyans yo ansanm.

Ateste - Sètifye, temwaye, deklare vrè.

Batèm, Batize - Yon seremoni Legliz la fè ki make kòmansman lavi moun ki batize a ak ki idantifye-l ak Legliz la ou ak Kò Kris la. Yon rit kote yo plonje moun nan anba dlo pou bay batèm nan yon gwo siyifikasyon ki se repantans ak soumisyon anba volonte Bondye. Yon òdonans nan Legliz la. Pou ou ka konprann pozisyon Legliz de Dye sou Batèm nan, gade chapit ki sou “Batèm” nan.

Blam, Blame - repwòch ou reprimande sevèman.

Boulvèsman - Yon twoub vyolan. Yon bwouy, pa egzanp, yon tranbleman tè.

Degradasyon - Yon bagay kap pèdi valè-l ak kalite-l epi kap kowompi. Ki vin pa gen onè ankò.

Delibere - Fè pa ekspres. Premedite. Deside avèk prekosyon. Pa prese.

Denominasyon - Yon group kongregasyon endividyèl, (oubyen nan ka Legliz De Dye, Jeneral Konferans la, se yon bann legliz lokal oubyen yon bann legliz ki nan plizyè distri ki chita nan menm Eta ou nan menm Depatman, ki met tèt yo ansanm pou fòme yon konferans), ki òganize yo e ki gen yon kòmansman komen, menm doktrin ak/oubyen ki gen menm regleman. Nou jwenn toulèwa karakteristik sa yo Legliz De Dye.

Deyism - Yon kwayans nan yon Bondye ki pa nan anyen nan mond la apre-l te fin kreye-l. Jeneralman, se yon kwayans nan egzistans Bondye ki senpleman sou pwendev rasyonèl, sètadi ki baze-l sèlman sou lazon, san referans ki soti nan yon sous ki gen otorite ou revelasyon.

Dènye Evennman yo, Dènye Tan - Yon seri evennman ki va make lafen listwa ak lafen dimond kòm nou konnen-l. Etid sou ki jan Bondye aktif nan evennman sa yo rele “eskatoloji”. Gade “Dènye Evennman” yo pou plis enfòmasyon sou sa.

Disiplin - Yon antrenman ki bay yon moun abilite ak ladrès pou-l ka kontrole pwòp tèt li ak karaktè-l, espesyalman konsènan lafwa-l ak kwayans li.

Dispans, Dispansasyon - Bay, distribye. “Dispansasyon” an siyifi tou yon seri evennman ki rive nan lòd anba otorite divin.

Don Spiritiyèl - Abilite, talan ou kalite espesyal Sentespri a (ou Lespri Sen an) bay chak manm kò Kris la selon gras ak volonte Bondye pou yo ka itilize-l anndan Legliz la.

Dyak - Literalman dyak vle di yon “sèvitè” legliz la. Responsabilite-l se pou-l pran swen bezwen fizik legliz la, pa egzanp, li la pou-l pran swen vèy yo, òfelen yo ak tout lòt moun ki nan bezwen.

Egzalte - Leve byen wo; leve an pozisyon ki byen wo, diyite ak pouvwa.

Egzamine Tèt Nou - Gade nan nou menm epi chache peche nou pa konfese ak lòt bagay ki enpòtan nan lavi nou ke nou te inyore avan ak voye yon kote.

Egziste - Viv. Gen reyalite.

Eklere - Bay limyè verite a, konsa moun nan ki vin gen limyè a ka delivre anba linyorans.

Eksplwate - Abize; pran avantaj yon moun injisteman, ou avèk move lide. Pran bagay yon lòt nan men-l pou-n satisfè pwòp tèt nou san nou pa rekonpanse-l pou sa.

Ekspyasyon - Peye penalite pou yon bagay ou te fè mal. Ak de rekonsilyasyon. Efè lanmò Jezi a genyen pou rachte nou ak rekonsilye-n ak Bondye.

Enfayib - Ki san fay. Ki pa kapab fè fot. Ki pa janm antò. Konplètman depandab.

Enflije - Pini. Sa nou fè kont tèt nou, ou pini tèt nou.

Enkanasyon - Pran fòm yon moun ak gen menm nati kon yon moun. Evennman kote Bondye te tounen yon moun.

Enperisab - Ki pa kapab detwi. Sak pap janm gate e ni pouri.

Enpite - Bay Kredi. Rann responsab. Bay yon kalite a yon moun. Sa se yon chanjman nan pozisyon devan Bondye yon moun benefisyè.

Enspire - Literalman, *soufle nan*. Konsènan Ekriti Sen an, se Bondye ki te soufle sou ekriyen yo pou ba yo bon jan lespri pou yo te ka ekri Bib la. Koze, gide, kominike ak motive pa mwayen enfluyans divin.

Enstantane - Rive toudenkou, nan yon ti moman, lamenn.

Entèsede - Plede kòz yon lòt moun. Fè avoka.

Eradike - Derasinen; elimine; detwi.

Fanmi Bondye - Yon imaj de Legliz la, kote-l dekri kòm yon gwoup moun ki mare ansanm e ki fè yon sèl kò.

Fitil - Sanvalè, ven, san itilite, san espwa siksè.

Fondamantal - Sa ki enpòtan ak sa ki esansyèl. Yon “chanjman fondamantal” rive fèt nan yon moun, se lè chanjman sa fèt nan tout pwen kle lavi moun nan.

Fwa, Lafwa, Konfyans - Kwayans ki pa mande pou ou gen prèv ou evidans. Konfyans total nan yon moun ou nan yon bagay. Sistèm kwayans relijye yo.

Gras - Renmen ki totalman gratis la ak ki san okenn obligasyon Bondye genyen pou nou an epi ak favè li fè nou. Kondisyon nou lè Bondye ap aji nan nou. Yon favè nou pa merite Bondye fè nou.

Imaj - Yon resanblans ou yon reprezantasyon de yon bagay. Pòtre. Yon konsepsyon ou yon opinyon ou yon ide de yon bagay nou ka reprezante nan tèt nou.

Imanan - Prezan nan tout bagay.

Imèsyon - Plonje konplètman anba dlo. Gade “Batèm” nan pou plis infòmasyon.

Iminan - Pwòch. Ki pa lwen, kap rive anvan lontan.

Imòtalite - Lavi ki pap janm fini pa lanmò, men kap dire pou tout tan. Ki pa kapab mouri.

Ireveran - Pa gen respè. Pa respekte yon bagay jan sa dwe fèt, espesyalman yon bagay ki sakre.

Istwa - Sak te pase nan lavi lèzòm ak nan lanati. Evennman nou konnen ki te rive nan tan pase yo.

Jijman - Bay jistis. Deside ant sak bon ak sak pa bon, konsa jistis la dwe jistifye.

Jis, Jistis - Kalite ak fòs yon bagay ki dwat. Fè sa ki dwat ak sa ki bon. Aji nan bon manyè. Jistifyab moralman.

Jistikasyon - Libere de tout blam ak kilpabilite. Rann bon ak onorab. Vin akseptab.

Jistifye - Pwouve dwat. Defann ak eklèsi tout soupson.

Karakteristik - Trè ou kalite ki distinge yon bagay ou yon moun.

Klèje - Moun ki òdone pou fè sèvis relijye.

Koegal - Egal; ki nan menm nivo.

Koetènel - Egziste ansanm pou tout tan.

Kolektif - Rasanble ansanm pou fè yon sèl. Yon group moun ki aji nan tèt ansanm.

Komemore - Fè yon bagay rete vivan nan memwa nou espesyaman pa mwayen yon seremoni.

Kominike - Fè konnen; pase enfòmasyon bay.

Kominyon - Yon relasyon intim ki gen yon konpreyasyon pwofon ladan-l. Se yon ak kote moun ap separe sa yo genyen ak sa yo posede ansanm.

Kò Kris - Yon fason Nouvo Testaman an konsidere Legliz la kote Kris se tèt la ak kote

chak kwayan yo se manm Kò a.

Kòmanse - Derape, demare, debite.

Kondanasyon - Eta ou kondisyon kote yo deklare yon moun koupab; santans yon moun resevwa apre yo jwenn li koupab.

Kondisyon - Demand ki baze sou kondisyon. Kèk bagay yo reklame avan tout lòt bagay.

Konfese - Admèt yon bagay nou te fè ki pa bon. Di Bondye peche nou te fè kont li a jan nou te fè-l la.

Konpatib - Kapab antann nou byen ak yon lòt moun; annakò; tonbe dakò, konparab.

Konsakre - Mete apa kòm yon bagay ki sen, ou deklare kòm sen. Devwe yon bagay antyèman pou yon sèten bi .

Konsime - Acheve, konplete nan tout sans, fini tèmine.

Kontra - Antant. Akò. Yon akò solanèl ki fèt ant de (2) pati pou yo ka fè yon seri de bagay ansanm.

Konvenk - Mennen yon moun a reyalize kilpabilite-l; mennen yon moun admèt yon verite.

Konvèti, Konvèsyon - Chanjman ki fèt akòz yon mank lafwa nan kwayans relijye yon moun. Yon transfòmasyon total ki fèt nan yon moun kote li kite mòd vi li tap mennen an pou-l adopte yon lòt. Yon vòltefas total kapital.

Kopwisan - Ki gen menm pwisans. Trinite a kopwisan paske chak manm li yo gen menm pwisans.

Kòperatif - Aji ou travay ansanm youn ak lòt nan yon jefò tèt kole. Trinite a kòperatif paske chak manm yo gen menm volonte ak fè menm travay.

Koripsyon - Move konpòtman. Pouriti. Deteryorasyon, yon bagay ki te bon epi ki vin gate.

Kreye, Kreyatè - Fè yon bagay vin egziste. Bondye Kreyatè a fòme tout bagay epi li bay lavi.

Lavman dè Pye - Yon seremoni nan Legliz la Jezi te òdone pou yo fe lè-l tap lave pye disip li yo avan yo te pran dènye kominyon yo ansanm. Espesyalman, li senbolize lavi kreyen an kòm yon vi de sèvis. Yon òdonans Legliz De Dye (yo). Pou plis enfòmasyon sou sa, gade chapit ki sou “Lavman dè Pye a”.

Lakominyon, Kominyon, Lasentsèn, Lasèn, Sentsèn - Yon seremoni Legliz la fè kote yo sèvi pen ak ji rezin an (diven) bay kongregasyon an; Yo manje eleman sa yo an repons a kòmandman Kris bay nan Bib la pou yo fè sa. Yon evennman nan lavi Kris ki lye tewolojikman ak Pak la epi ak rit sakrifisyèl nan Ansyen Testaman an. Yon òdonans Legliz De Dye (yo). Pou plis enfòmasyon, gade “Sentsèn”.

Lapannkot - Senkantyèm jou apre Pak. Pou tout Kreyen yo, se jou kote Sentespri a te desann sou disip Kris yo eke Kris te mande yo pou yo tann “kado papa-m te pwomèt la”. Jou nesans Legliz la.

Lapès - Maladi sevè, enfektye ak ki ka touye moun.

Layik - Moun ki nan legliz la men ki pa pastè.

Legliz - Tout kreyen ki konsidere tèt yo kòm yon kò oubyen tout kreyen ki met tèt yo ansanm pou fè yon sèl kò.

Lemond, Lemonn, Mond - Latè ak tout sak ladann yo. Mond ki sekilè a olye de sak spirityèl la.

Manifestasyon - Tou sak revele epi ki klè

Maniskri - Yon dokiman ki te ekri ala men.

Memoryal - Nenpòt bagay ki la pou ede moun sonje yon evennman, yon verite ou yon moun enpòtan.

Milenyòm - Nan ansèyman sou Dènye Evennman yo, se peryòd kote Kris pral reye sou latè. Yon premye entèpretasyon fè konnen Kris va retounen ankò e va reye pou milan (1000 an). Lòt entèpretasyon an fè konnen Milenyòm nan gentan prezan kounye a kote Kris ap reye pa mwayen Pawòl li ak Lespri-l.

Minis, Ministè - Aji pou yon lòt moun; reponn a bezwen yon moun genyen. Tradisyonèlman, “minis” te siyifi yon moun kap preche (Pastè) ou “klèje”; sepandan, li ase klè nan Bib la chak kretyen aple pou yo “minis”.

Mizèrikòd - Padon. Eksè de Bonte ki fè yo padone yon moun ki pat janm merite padon pou sa-l te fè a, espesyalman si moun nan ta merite pini.

Mòd - Yon fason pou fè yon bagay. Yon metòd.

Mòd de vi - Fason yon moun viv chak jou.

Mòtèl - Sak dwe evantyèlman mouri.

Nouriti Spirityèl - Antrennman ak swen yo bay yon moun pou pèmèt li grandi nan relasyon-l ak Bondye.

Nouvo Kontra - Yon seri de pwomès ant Bondye ak pèp li a kòm nou wè yo nan Nouvo Testaman an e ke Ansyen Testaman an te gentan prevwa yo. Li distenge de Ansyen Kontra a. (Gade Ansyen Kontra a). Anplis, Nouvo Kontra a vin posib pa gras Bondye ki te acheve nan enkanasyon an, nan lanmò ak nan rezireksyon Jezikri a, e li disponib a tout kwayan yo pa mwayen travay Sentespri a.

Omnipotan - Ki genyen pwisans ak otorite ilimite. Tou pwisan. Tout pouvwa.

Omniprezan - Ki prezan toupatou an menm tan. Prezan toupatou nan menm lè a.

Omnisyan - Ki genyen konnesans ki pa gen bout. Konnesans ilimite. Ki konnen tout bagay.

Otorite - Pouvwa ak dwa pou bay kòmandman ak espere obeyisans. Bib la gen otorite paske-l mande pou nou obeye kòmandman ki ladan-l yo.

Otorite Apostolik - Otorite douz (12) premye apot yo ak Pòl te genyen an. Otorite sa a soti nan men Bondye pa yon revelasyon dirèk; e se sak fè ekriyen yo ki te ekri Nouvo Testaman an te kapab ekri Pawòl enpire sa ki gen otorite a.

Òdonans, Òdonans yo - Yon kòmandman. Yon lòd, yon pratik relijye; yon rit relijye. Gade seksyon ki sou “Òdonans” yo pou plis enfòmasyon.

Patisipe - Pran pa. Manje ak bwè yon bagay.

Pelerinaj - Yon vwayaj ki long, espesyalman kote vwayajè a pap janm retounen nan plas kote-l te kòmanse vwayaj la. Kòm yon senbòl lavi a, yon mòd vi kote yo jije tout bagay dapre destinasyon yo, kit li anpeche vwayajè a fè pwogrès sou chemen-l ou kit li ede-l avananse pou pi devan.

Pèp Bondye a - Yon ekspresyon yo itilize pou Legliz la. Legliz la se “pèp” (laos) Bondye; li diferan de “nasyon” (ètnè) terès yo.

Peri, Perisab - Ki ka detwi ou mouri. Ki ka gate ou pouri.

Pratik - Fason yo fè yon bagay. Fè yon bagay tonkou se konesans ou wap mete an aplikasyon.

Predominan - Pi remakab, pi otoritè. Siperyè pase tout lòt yo. Siperyozite.

Preegzistans - Gen lavi anvan yon bagay. Refere a lavi Kris avan lakreyasyon.

Premilenyòm - Yon entèpretasyon majè de “Dènye Tan an”. Gade Dènye Evennman yo pou plis enfòmasyon.

Presbiteryal - Yon sistèm gouvènman ak òganizasyon nan Legliz la kote se ansyen yo ou konsèy Ansyen yo ki gen pouvwa nan men yo pou gouvène Legliz la. Yon sistèm kote se kò a, Legliz, ki bay ansyen yo pouvwa.

Pretansyon - Yon opinyon egzajere yon moun gen nan tèt li.

Prezantasyon Timoun - Yon sèvis Legliz la fè kote yo “mete timoun nan apa” pou Bondye. Paran yo pwomèt pou yo leve timoun nan nan obeyisans a Sentespri a e ak Lekriti Sen an. Kongregasyon an pran angajman pou-l patisipe nan zafè nourri ak bay timoun nan enstriksyon kretyen. Akoz de kwayans nou sou zafè batèm kwayan yo sèlman, Legliz De Dye pa batize timoun. Gade chapit ki sou “Prezantasyon timoun nan O Tanp pou Bondye ka beni yo” pou plis enfòmasyon sou sa.

Pwogresif - Kap mache pou pi devan. Kap fè pwogrè.

Rachte, Redanmèt, Redanmsyon - Regenyen ou rejwenn sak te pèdi a. Libere anba peche pa yon pèman ou pa yon sakrifis.

Ranson - Garanti. Peye pou lage yon moun ki kaptif. Espesyalman, satisfaksyon ki bay pou delivre lòm anba peche; ou senpleman, “redanmsyon”.

Rejenerasyon - Yon renesans spirityèl. Vin nouvo ak transfòmè konplètman, espesyalman sou baz spirityèl. Ne de nouvo. Vin refòmè ak vin egziste ankò. Fèt ankò.

Rekonèt - Admèt pou verite, aksepte yon fè. Admèt yon verite epi respekte-l.

Rekonsilye, Rekonsilyasyon - Vin zanmi ankò, espesyalman apre te gen separasyon. Reyini ou mennen ansanm ankò. Vin byen youn ak lòt ankò.

Remisyon - Padon, espesyalman pou peche. Libere anba dèt ou penalite.

Repanti, repantans - Regrèt sensèman pou yon bagay ou te fè oubyen pou yon bagay ou te neglije fè, sa boulvèse ou tèlman jouk sa rive fè ou chanje panse ak fason ou aji. Gen remò.

Repwòch, Repwoche - Blame, pale pou dezapwouve yon bagay yon moun fè ki pat bon.

Responsabilite - Anmezi pou responn a yon aksyon ki te poze; ak kapab reponn devan Bondye pou pwòp zak sa yo.

Restorasyon - Retabli eta ou kondisyon li te ye avan an. Fè vin gen sante ak fòs ankò. Refè. Fè-l vin jan-l te ye avan an.

Resisite, Rezireksyon - Leve soti vivan anba lanmò. Reviv ou fè reviv ankò apre yon moun te fin mouri. Nan Labib, Jezi te leve soti vivan ankò apre yo te krisifye-l ak antere-l; tout mò yo va leve ankò nan Denye Jou a.

Revelasyon - Yon devwalman de yon bagay ki te enkoni. Dekouvri nati ak volonte Bondye.

Règ - Yon seri de lwa, sètadi, yon bann lwa nou dwe obeyi nan kondwit ak mòd lavi nap mennen.

Sakre - Ki pou Bondye. On bagay yo mete apa pou Bondye. Trete avèk respè ak reverans. Menm jan ak yon bagay ki “sen”.

Sakreman - Literalman, “yon sèman de fidelite.” Mo laten yo te itilize pou tradwi mo

grèk “mysteryòn” nan Nouvo Testaman an; konsa, li siyifi, pou Katolik Romen yo ak pou Legliz Òtodoks Lès yo, nenpòt nan sèt (7) rit yo kwè Jezi te enstitye yo epi yo konsidere yo kòm yon mwayen pou yon moun ka jwenn gras la. Rit sa yo se: batèm, konfimasyon, Lekaristi (ou kominyon), lapenitans, lòd, maryaj, ekstrèm-onksyon (ou dènnye sakreman pou malad yo). Pifò Legliz Pwotestan yo gen de (2) sakreman: kominyon ak batèm. Legliz De Dye nou yo itilize òdonans olye de sakreman e rejte konsepsyon sa a ki fè konnen yon moun ka jwenn gras la lè-l pratike bagay sa yo.

Sede - Abandone, soumèt, soumi, espesyalman akòz de respè pou otorite ou siperyozite yon lòt genyen.

Sen, Sentete - Yon bagay ki pou Bondye ou ki soti nan Bondye. Konsakre. Sakre.

Senyè - Yon moun ki genyen gwo pouvwa ak otorite. Gouvènè.

Sèvitè - Yon moun ki rann lòt yo sèvis. Yon sèvitè kretyen obeyi ak respekte lèzòt yo volontèman.

Similtane - Rive ou egziste an menm tan.

Sipènativèl - Yon bagay ki andeyò ou depase eksperyans lòm, oubyen se yon bagay ki pa ka eksplike pa konsepsyon lòm.

Sipòte, Sipòtè - Soutni. Bay fòs ou bay sipò. Kontinye kenbe lavi yon bagay ou yon moun.

Soumisyon - Se yon ak kote nou soumèt nou anba volonte yon lòt. Se kalite obeyisans (nou).

Spiritiyèl - Yon bagay ki soti ou rete anndan fon nati lavi yon moun, sètadi pati lavi a ki fè yon moun konekte ak Bondye.

Talante - Bay ou founi kèk kalite.

Temwayaj - Yon deklarasyon yon temwen te fè ki sèvi kòm evidans ou kòm prèv. Yon deklarasyon solanèl ki te fèt sou yon bagay.

Tewoloji - Yon etid sou nati Bondye ak sou verite relijye. Gade chapit ki sou “Bondye” a.

Teyism - Kwayans nan yon Bondye. Spesyalman, kwayans nan yon sèl Bondye a ki se kreyatè ak gouvènè linivè eke yo yon moun ka konnen-l pa mwayen revelasyon.

Transandan - Egziste ou viv odela tout sak materyèl ou tout sa yon moun ka konnen pa mwayen tout sans li yo. Bondye ki transandan an egziste odela lavi ak eksperyans lòm.

Transfòmasyon - Chanje fòm ou nati.

Tribilasyon - Yon gwo siy kap anonse dezyèm retou Kris la. Yon karakteristik de tout yon peryòd ant premye vini Kris la ak dezyèm retou-l kote pral genyen yon tribilasyon final ak klimatik kote pèp Bondye a pral gen pou yo soufri gwo pèsèkasyon toupatou.

Trinite - Inyon twa (3) pèsòn divin yo, sètadi: Papa a, Pitit la ak Sentepri a. Trinite a se yon inite ou yon sèl la, sètadi li pa kapab divize an twa (3) “bondye” diferan.

Vanjans - Blese yon moun ki te blese ou avan. Fè yon moun peye konsekans pou yon bagay mal li te fè. Mal pou mal.

Vigilan - Rete an alèt e veyatif pou yon bagay kap pase.

Wayòm Bondye, Wayòm syèl la - Rèy ou gouvènman Bondye ki aktif nan lavi lòm ak nan evennman istorik yo. Inogire pa Jezi ki sove-n anba peche ak pwisans dyab la; li va konplè nèt lè nouvo syèl la ak nouvell tè a va tabli.

ENDÈKS REFERANS BIBLIK YO

Nan endèks sa a nap jwenn vèsè bibliik nou te sèvi avè yo a ak nan ki pasaj nou te pran yo. Nou endike nan liv sa a nimewo paj yo ant parantèz kote nou sèvi ak sitasyon sa a yo.

Jenèz 1:1 (7)	Sòm 107 (8)
Jenèz 1:1 (8)	Sòm 139:7-12 (8)
Jenèz 1:2 (7, 9)	Sòm 147:5 (8)
Jenèz 1:2 (7, 14)	Pwovèb 22:6 (40)
Jenèz 1:26-30 (19)	Ezayi 26:4 (8)
Jenèz 1:27 (19)	Ezayi 40:26 (8)
Jenèz 1:27 (19)	Ezayi 44:3 (14)
Jenèz 1:27, 28 (19)	Ezayi 53:6 (20)
Jenèz 1:31 (19)	Ezayi 63:10 (14)
Jenèz 2:7 (19)	Ezekyèl 37:1 (14)
Jenèz 2:15-17 (19)	Joèl 2:28-32 (14)
Jenèz 2:18 (19)	Amòs 5:24 (19)
Jenèz 2:21-25 (19)	Zakari 4:6 (16)
Jenèz 3 (20)	Matye 1:20 (11)
Jenèz 3:4, 5 (20)	Matye 1:23 (11)
Jenèz 3:1-6 (22)	Matye 1:23 (11)
Jenèz 3:8-24 (20)	Matye 3:6 (34)
Jenèz 18:25 (51)	Matye 3:15 (33)
Jenèz 33:5 (40)	Matye 3:16 (34)
Egzòd 12:14 (32)	Matye 4:2 (11)
Egzòd 12:42 (38)	Matye 5:13-16 (46, 50)
Egzòd 23:25, 26 (42)	Matye 5:17 (11)
Egzòd 31:3 (14)	Matye 5:23, 24 (37)
Levitik 11:44 (8)	Matye 5:39 (47)
Levitik 19:18 (45)	Matye 5:44 (47)
Detewonòm 4:9 (40)	Matye 7:16 (15)
Detewonòm 6:4 (7)	Matye 10:28 (47)
Detewonòm 6:5-7 (40)	Matye 12:28 (14)
Jozye 24:15 (22)	Matye 16:27 (51)
Jij 3:10 (14)	Matye 18:1-4 (24)
1 Samyèl 1:27, 28 (40)	Matye 19:13, 14 (41)
2 Samyèl 23:2 (14)	Matye 19:26 (8)
Jòb 33:4 (14)	Matye 20:26-28 (45)
Sòm 8 (19)	Matye 21:18 (12)
Sòm 103:6 (9)	Matye 21:22 (44)
Matye 24:5, 24 (49)	Jan 1:33 (15)
Matye 26:6 (49)	Jan 3:3 (15)
Matye 24:7 (49)	Jan 3:3-6 (15)
Matye 24:14 (49)	Jan 3:7 (24)
Matye 24:36 (49)	Jan 3:16 (46)
Matye 25:34-40 (45)	Jan 3:16, 17 (12)
Matye 26:26-29 (38)	Jan 3:18 (51)

Matye 28:18 (12)
Matye 28:19 (14)
Matye 28:19 (33)
Matye 28:19, 20 (46)
Mak 1:10 (34)
Mak 3:5 (12)
Mak 10:17-22 (22)
Mak 10:43-45 (35)
Mak 12:17 (47)
Mak 13:10 (49)
Mak 13:32 (49)
Mak 13:33-37 (48)
Mak 14:22-25 (38)
Lik 1:35 (14)
Lik 2:40 (11)
Lik 3:22 (14)
Lik 4:1 (14)
Lik 4:14 (14)
Lik 4:18, 19 (45)
Lik 10:9 (42)
Lik 10:26-37 (45)
Lik 21:33 (49)
Lik 22:11-15 (38)
Lik 22:15-20 (38)
Lik 24 (13)
Jan 1:1, 3 (8)
Jan 1:1, 2 (11)
Jan 1:1-9 (19)
Jan 1:12 (21)
Jan 1:12 (22)
Jan 1:13 (24)
Jan 1:14 (11)
Jan 1:14 (35)
Jan 1:29 (13)
Jan 1:29 (33)
Jan 1:29-34 (15)
Jan 21:17 (12)
Travay 1:7 (49)
Travay 1:8 (15)
Travay 1:9 (13)
Travay 1:10, 11 (13)
Travay 2:1 (14)
Travay 2:2, 3 (14)
Travay 2:22 (12)
Travay 2:32 (13)
Travay 2:32, 33 (13)

Jan 4:3-26 (46)
Jan 4:6 (12)
Jan 4:24 (7)
Jan 5:10-15 (43)
Jan 5:14 (42)
Jan 5:22 (51)
Jan 6:67 (22)
Jan 9:1, 2 (43)
Jan 9 3, 4 (43)
Jan 10:27 (22)
Jan 10:30 (12)
Jan 11:1-4 (42)
Jan 11:35 (12)
Jan 12:45 (12)
Jan 13:1 (36)
Jan 13:1, 4 (35)
Jan 13:12-16 (35)
Jan 13:16 (45)
Jan 13:17 (32)
Jan 13:34, 35 (36)
Jan 14:9 (9)
Jan 14:26 (7)
Jan 14:26 (14)
Jan 14:26 (15)
Jan 15:4 (23)
Jan 15:6 (22)
Jan 15:7 (43)
Jan 15:26 (14)
Jan 16:9 (15)
Jan 16:10 (15)
Jan 16:11 (15)
Jan 16:13-15 (10)
Jan 16:33 (49)
Jan 17:14 (47)
Jan 19:28 (12)
Jan 20:28 (7)
Ròm 12:1, 2 (29)
Ròm 12:1, 2 (47)
Ròm 12:3-8 (29)
Ròm 12:5 (30)
Ròm 12:6-8 (15)
Ròm 12:10 (31)
Ròm 13:1 (47)
Ròm 13:8-10 (45)
Ròm 14:8 (43)
Ròm 14: 8, 9 (13)

Travay 2:33 (14)
 Travay 2:38 (33)
 Travay 2:38, 39 (15)
 Travay 2:38, 39 (15)
 Travay 2:42 (31)
 Travay 3:1-9 (25)
 Travay 3:19 (25)
 Travay 4:12 (24)
 Travay 5:3, 4 (7)
 Travay 5:3, 4 (14)
 Travay 5:29 (47)
 Travay 8:36 (33)
 Travay 8:38, 39 (34)
 Travay 13:2-4 (14)
 Travay 14:23 (31)
 Travay 16:6, 7 (14)
 Travay 17:31 (51)
 Travay 28:8 (44)
 Ròm 1:4, 5 (13)
 Ròm 1:25 (20)
 Ròm 3:23 (24)
 Ròm 3:24 (26)
 Ròm 4:5 (26)
 Ròm 4:16 (30)
 Ròm 5:8 (19)
 Ròm 5:18 (20)
 Ròm 6-8 (28)
 Ròm 6:4 (34)
 Ròm 7:7-12 (34)
 Ròm 8:9 (7)
 Ròm 8:22 (42)
 Ròm 8:26, 27 (14)
 Ròm 10:9, 10 (34)
 2 Korent 1:3, 4 (42)
 2 Korent 5:16, 17 (20)
 2 Korent 5:17 (34)
 2 Korent 5:17 (9, 25)
 2 Korent 5:18, 19 (45)
 2 Korent 5:20 (46)
 2 Korent 5:21 (26)
 2 Korent 12:7 (4)
 2 Korent 12:7-10 (42, 43)
 Galasi 2:16-21 (26)
 Galasi 3:6 (26)
 Galasi 4:4, 5 (26)
 Galasi 5:17 (29)
 Ròm 14:12 (22)
 1 Korent 1:2 (31)
 1 Korent 1:30 (26)
 1 Korent 2:12, 13 (17)
 1 Korent 3:10-13 (51)
 1 Korent 3:13-15 (51)
 1 Korent 3:16 (30)
 1 Korent 5:7 (38)
 1 Korent 8:4b-6 (7)
 1 Korent 10:13 (23)
 1 Korent 10:16, 17 (39)
 1 Korent 10:23-33 (45)
 1 Korent 11:2 (32)
 1 Korent 11:17-32 (39)
 1 Korent 11:24, 25 (38)
 1 Korent 11:26 (38)
 1 Korent 11:28 (39)
 1 Korent 11:29, 30 (43)
 1 Korent 12:6 (16)
 1 Korent 12:7, 11 (15)
 1 Korent 12:7-11, 25-(15)
 1 Korent 12:12-27 (30)
 1 Korent 12:13 (15)
 1 Korent 12:13 (15)
 1 Korent 12:18, 25 (16)
 1 Korent 15:1-8 (13)
 1 Korent 15:17, 20-22
 1 Korent 15:19 (50)
 1 Korent 15:20 (50)
 1 Korent 15:42-44 (50)
 1 Korent 15:52 (50)
 1 Korent 15:53 (50)
 1 Korent 15:54 (51)
 Kolòs 1:15, 16 (11)
 Kolòs 1:16 (9)
 Kolòs 1:18 (30)
 Kolòs 2:9, 10 (12)
 Kolòs 3:1-4 (28)
 Kolòs 3:5-14 (28)
 Kolòs 3:17 (46)
 1 Tesalonik 4:16, 17 (50)
 1 Tesalonik 4:16-18 (13, 38)
 1 Tesalonik 5:23 (42)
 2 Tesalonik 1:7-10 (51)
 2 Tesalonik 1:10 (51)
 2 Tesalonik 1:12 (7)

Galasi 5:22, 23 (15)
Galasi 5:22-26 (29)
Galasi 6:2 (31)
Galasi 6:2 (36)
Efèz 2:19 (31)
Efèz 4:1 (28)
Efèz 4:1-19 (18)
Efèz 4:3 (15)
Efèz 4:3-6 (7)
Efèz 4:4-16 (30)
Efèz 4:5, 6 (30)
Erèz 4:4-13 (15)
Efèz 4:15, 16 (15)
Efèz 4:16 (16)
Efèz 4:30 (14)
Efèz 5:1 (31)
Efèz 5:21-33 (31)
Efèz 6:4 (40)
Filip 1:9 (7)
Filip 2:1-4 (31)
Filip 2:3, 5 (36)
Filip 2:6-9 (12)
Filip 2:7 (36)
Filip 2:7, 8 (35)
Filip 2:10 (13)
Filip 2:13 (23)
Filip 2:15 (46)
Filip 3:10, 11 (43)
Filip 4:2 (35)
Kolòs 1:12, 13 (51)
1 Pyè 3:22 (13)
2 Pyè 1:20 (18)
2 Pyè 1:21 (17)
2 Pyè 2:20-22 (22)
2 Pyè 3:8-18 (50)
2 Pyè 3:11-14 (49)
2 Pyè 3:13 (49)
1 Jan 1:1-3 (7)
1 Jan 1:3 (31)
1 Jan 1:9 (22, 50)
1 Jan 2:1 (22)
1 Jan 3:2 (28)
1 Jan 3:3 (49, 50)

1 Timote 3:10 (31)
1 Timote 5:1, 2 (31)
2 Timote 3:15, 16 (10)
2 Timote 3:16, 17 (17)
Tit 2:13 (7)
Tit 2:13 (49)
Tit 2:13, 14 (39)
Tit 3:3 (46)
Tit 3:5, 6 (15)
Ebre 1:1-3 (9)
Ebre 1:1-3 (19)
Ebre 1:2 (9)
Ebre 2:5-18 (20)
Ebre 2:17 (20)
Ebre 4:13 (8)
Ebre 9:22 (38)
Ebre 10:25 (31)
Ebre 10:25 (41)
Ebre 12:2 (13)
Ebre 13:5 (23)
Ebre 13:14 (36)
Jak 1:13 (8)
Jak 2:13 (9)
Jak 2:14-18 (45)
Jak 4:17 (24)
Jak 5:14 (44)
1 Pyè 1:15, 16 (8, 29)
1 Pyè 2:9 (30)
1 Pyè 2:9 (46)
1 Pyè 2:13-17 (45)
1 Jan 4:4 (46)
1 Jan 4:13-21 (15)
1 Jan 4:15 (18)
1 Jan 4:21 (30)
1 Jan 5:1 (31)
Revelasyon 1:6 (46)
Revelasyon 11:15 (49)
Revelasyon 13:8 (13)
Revelasyon 19:6 (8)
Revelasyon 21:3 (49)
Revelasyon 21:4 (44, 49)
Revelasyon 21:27 (49)
Revelasyon 22:5 (49)